ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙСКАЯ ПРАВДА

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№60 (21.718)● 2010 гъэм мэлыжьхыхьым (апрелым) и 7, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

ЗэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэ

КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІым и ятІонэрэ къуэдзэ Жаным Руслан нэхъыжьу щысу и хабзэгъуэ органым и Президиумым и зи чэзу зэІуІэ екІуэкІащ.

ЯПЭ ЩІыкІэ яубыхуащ депутатхэр щы-зэхуашэсыну зэманыр. Ар мэлыжьхыхьым и 22-м траухуащ. А зэІуІэм Іуэхугъуэ 20-м нэблагъэм щытепсэльыхьыну я мурадщ. Къэбгъэльагъуэмэ, ятІонэрэ зэкІэ щыхэпльэнущ «Жармыкіэм и Іэжьыгъэр щыхьэ-гъэпэщынымкІэ Іэхъуэкі», «КЪБР-м кинематографием зыщегъэжьыным и Іуэхуэкі» республикэ законхэм, нэгъуэщІхэми.

Иужьк1э депутатхэм щІадзащ щы1ззэхуэса Іуэхуэхэм тепсэльыхьын.

«Правовой актхэм егъэщІылІаУэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и хабзэ щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэным и Іуэхуэкі» КЪБР-м и законым и проектым кы-зэхуэсахэр щигъэгъуэзащ Законодательствэмрэ къэрал хуэунэгъэмкІэ комитетым и унафэщІ **Іэпщ Эаур**. Пыухыкіауэ жьипЭ-мэ, а проектым кышыгъэльэгъуащ «Официальнэ печать органхэр» псальэхэр «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и нормативправовой актхэр кьытрадзэным хэкІыпІэ хуэхъуэхэр» псальэхэмкІэ зэхъуэкІыныр. Апхуэдэ зэхъуэкІыныгъэр кьегъэув кьытрадзэ хьыбархэм я кьежьапІэ хьуэхэм зэрызиубгъуэм.

Президиумым хэтхэр тепсэлыхьащ «Инвестицэ налог кредитым и Іуэхуэкі» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 4-нэ, 5-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэным и Іуэхуэкі» КЪБР-м и законым и проектым. Ар зэгъэщІылІа комитетым и унафэщІ **Марьяна Ирина**хьэзэрыгуригъэІуэмкІэ, проектыр зэхалъхьащ абы теухуа урысей законодательствэм зэхъуэкІыныгъэхэр зэрегъэтам кьыкъэкІыу.

Аграрнэ политикэмрэ щы зэхъущытыкІэхэмкІэ комитетым и унафэщІ **ЛІыхьугу Хьэжмурид** кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щы кодексым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуэкі» КЪБР-м и законым и проектым, А хабзэр ягъэхьэзыращ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и фейдэ зыхэлъхэр ихьумэфын хуэдэу, КЪБР-м и Правительствэм Іуэхуэхэр зэригъэхьэзырыну щыкІэр яубзыхун мурадкІэ. Апхуэдэу ар хуэгъэзащ мы Іуэхум жылагъэр тлагъэпсэлъхьыным.

Депутатхэм зэпыгъахащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щрагъэкІуэкІ щІэныгъэ, щІэныгъэ-техникэ лэжьыгъэ и Іэнатіэм щызекІуэ зэхущытыкІэхэр гъэтэмэмыным и Іуэхуэкі» КЪБР-м и законым и проектыр. Ар зыхуэунэтІар кьагуригъэІуащ Іуэхуэр зэгъэзыщІыжа комитетым унафэщІ **Дадэ МуІед.** Мы проектым еубзыху КЪБР-м и кьэрал властым и органхэм щІэныгъэ Іэнатіэм щызэфІагъэкІын хуей Іуэхуэхэр.

Ищхьэкі эз гугъу тщІа проект псори Парламентым кьыщыхальхьэнущ, абыхэм комитетхэми Іуэхуэм зи сэбэп хэль Іуэхущапіэ псоми кууэ щытепсэльыхьа нужь.

Апхуэдэу Президиумым хэтхэр тепсэлыхьащ Урысей Федерацэм и адрей щынапІэхэм ящыщ я Іэжьэгъуэхэм кьыхальхьа хабзэгъэуэ жэрдэмэхэм. Абыхэм даІыгъащ «Урысей Федерацэм инновацэ Іэжьыгъэр зэрыщагъэкІуэкІым и Іуэхуэкі» Федеральнэ законыр къэщтэныр щІагъэзсынущІэн мурадкІэ, Астрахэм областым и Къэрал Думэм Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и УнафэщІ Грыз лов Борис зэрызыхуигъэзар. Кьыз1эхуэсахэм кьыхагъэбелджылыкІащ тэ-мэму эзтрауха инновацэ политикэм къэралым и экономикэр лъыщу зэрызрихьуэкІыфынур.

Зэ1уІэм нэгъуэщІ Іуэхуэхэми щыхэпльащ.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ,
КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ.

ЗэгурыІуэныгъэм и телъхьэхэр

● ЗэІущІэхэр

Ижьырей махуэхэм къэралым кьыщыхьуа Іуэхугъуэхэм я жуэапш ЩІалэгъуэлэ правительствэм Прохладнэ и къалэ администрацэм кьыдІыгъыу иригъэкІуэкІа «стІол хъурей». Ар текуэдэу щытащ лъэпкъ, дин зэхущытыкІэхэм гулъытэрэ дзчыхьмрэ льабжьэ хуэщІыным.

А ЗэІущІэм кьыщыпсэлъащ КЪБР-м и Президентым и Админис трацэм и УнафэщІым и кьуэдзэ **Власов Александррэ** Прохладнэ кьалэ и администрацэм и Іэтащхьэ **Пархоменкэ Юлиерэ** . Кьыщынэмыщ1ауэ, «стІол къурей» и лэжьыгъэм хэтащ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныгъэ щІалэгъуалэ Іуэхуэхэмкіэ министерствэм и лэжьакІуэ **КІуращын Анзоррэ** республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм и Іэщагъэлі **Санз Инэрэ**.

Щ1алэгъуалэ министрхэм я кабинетым зэІуІэр щрагъэкІуэкІыжыну щыпІэу лъэпкъ куэд щыпсэу Прохладнэ кьы-щІыхахар щхьэусыгъуэншэкІ. А кьалэм ильэсыр 100-м щІигъуауэ щызэдопсэлъа лъэпкъ зыбжанэ, уеблэмэ лъыкІэ эзблагъэ хъужащ. Абыхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэм щІалэгъуалэ Іуэхуэхэмкіэ министерствэм и лэжьакІуэ **КІуращын Анзоррэ** щІэпхьаджагъэхэр зи Іэдакъэщ1экІ псори ягъэхьэнщащ икІи жа1ащ апхуэдизу цыху эзрыхэкІуэдар егъэлъеягъ я ягу кьыз1эрреуэр.

Зэ1ущІэм щызыдыхуащ Прохладнэ и щІалэгъуалэм зэрыдолэжьапхъэ Іуэхугъуэхэр. Псальэм папщІэ, мурад ящІащ лъэпкъ щэнхабзэхэм я щІалэгъуалэ центр кьалэм кьыщызэ-ррагъэпэщыну. А центрым абыхэм зэпымыуцу щалуІэнущ дин нэхъыщхьхэм я лэжьакІуэхэри.

Зэ1ущІэм кьырикІуэхэм щытепсэлъыхьым, Президентым и Администрацэм и УнафэщІым и кьуэдзэ Власов Александр кьызыгъэльэгъащ щалэгъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ кьэралІуэхущапІэхэмрэ нобэ хуэдэу зэхуэхьэсыну щІыгъуэ. - ІуэхутхьабзэкІэмрэ затумрэ хэт щхьэзакъуэрыпалажьэхэр, мэкъумэш-фермер хозяйствэхэр, хьэрычэт Іэнатіэ щыкІуэхэр, зи Іуэху кьыдзэкъыкыну хуейкІэр финанс дэІэпыкъуныгъэ хуабжьу хуэныкъуэщ. Банкхэм кьагъэувкІэр гъэзэщІэным гугъуэхь куэд зэрыпылъым кьыхэкІыу, микрофинансыкІэ организацэхэм я мылъкур нэхъ жьыджэру кьыз1эретщэлІэным, фейдэ пылъу кьызэрыдгъэсэбэлъым дыхущІокъу.

Мусуков Алий кьызэрыхигъэщамкІэ, муниципальнэ фондыр 13-м, кредит кооперативыр 30-м нобэ ди республикэм хъарзынэу зыщІащ. Абыхэм я хэхъуэжэ бюджетхэмрэ нэгъуэщІ Іэнатіэхэмрэ я хьэкІкІэ кьыз1эрагъэпэщ икІи мы зэманым сом мелуан 300-м нэблагъэ ябгъэдэлъщ. Илъэс и пэкІэ Налшык кьыщыз1ыуахащ Урысейм микрофинансымкІэ и Іуэхущапіэм и Кавказ Ищхьэрэ кьудамэм и хэщІапІэ. НэгъуэщІ щІыпІэхэм мыкІуэу, абы ди Іэщ1агъэпэщІэр щрагъадж.

- Микрофинанс организацэхэр цыхухэмрэ банкхэмрэ зэрыдзэлажьэр егъэфІэкІуэным, республикэм и щэсапІэ фондым и зэфІэкІым хэгъэхъуэным гулъытэ хэха хуэтщІынущ. Абыкіэ дыубзыхуахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІэхэм кьыддаІыгъ, - кьыхигъащІ министрым.

Кьыхалъхьа Іуэхугъуэр Кавказ Ищхьэрэм и щІынапІэхэм з1уІуу щІыпхыгъэкІыным хуэунэтІауэ лъжьыпхъэу кьалъытэхэр зэхьыхьэм щІыз1эпкърахащ УФ-м Финансэмкіэ и министерствэм финанс политикэмкіэ и департаментым и кьудамэм и унафэщІым и кьуэдзэ **Осипов Павел** , «ВТБ Банк 24» ЗАО-м и вице-президент **Карасаловэ Надеждэ** «Урысейм и щІэгъэкъуэн» Урысейпсо жылагъуэ организацэм и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и Іэтащхьэ, Урысейм Микрофинансымкіэ и центрым и щІынапІэ хэщІапІэм и тхьэмадэ **Къэлъшыкъуэ Альберт**, «Опора-Кредит» медиа-холдингым и унафэщІ **Кузнецов Андрей** сымэ, нэгъуэщІхэми. Кавказ Ищхьэрэ республикэхэм щыщ 1эщІагъэлІэжьым кьэпсэльахэм ущІэ куэдкІэ зыхуагъэзащ, мы гъэм зыщыгугъ хъуну дэІэпыкъуныгъэхэр зыкъуэдэмрэ ахэр кьаз1эрыгъэрыхьэну щІыкІэмрэ зрагъэщІащ.

Зэ1ущІэм и кІэуцІэ Іыхьэм конференцым кьрикІуэхэр щызэхахьхьэжащ.

АРУАН Алий.

● Конференцхэр

Іэнатіэ щІыкІумрэ курытымрэ даІыгъ

Ди газетым зэрытетащ, гъатхэпэм и 31-м «Синдикэ» интур-хьэщІэщым щызэхэтащ Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ щІынальэм микрофинансированэм (пэщІэдзэу мылъку зэрыхухах щІыкІэм) зыщІегъэужьыныжьмрэ ар щыдэІыгъэныжьмрэ теухуауэ лэжьыпхъэхэм щытепсэлъыхьа конференц.

КЪБР-м и Правительствэр я щІэгъэкъуэну зэ1уІэшхэр кьызэрагъэпэщащ Микрофинансымкіэ рынкым хэтхэм я ассоциацэм, республикэм Экономикэ зыужьныгъэмрэ затумкІэ и министерствэм, Урысейм Микрофинансымкіэ и центрым. Конференцым хэтащ УФ-м Экономикэ зыужьныгъэмкіэ, Финансхэмкіэ и министерствэхэм, «ВТБ Банк 24» ЗАО-м, Урысей Федерацэм и Сату-промышленнэ палатэм, Хьэрычэтыщ1э Іэнатіэ щІыкІумрэ курытымрэ дэІыгъныжьмкІэ «Урысейм и щІэгъэкъуэн» урысейпсо жылагъуэ организацэм, Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ округым хьыхь щІынальэхэм я лІыкІуэхэр.

Экономикэ зыужьныгъэмрэ затумкІэ министр **Мусуков Алий** зэхьыхьр кьызэ1уиха нэужь, КЪБР-м и премьер-министрым и япэ кьуэдзэ **Тхьэзэпльыхь Мурат** республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я щІэкІэ фІэхъыс псальэхэ кьызэхуэсахэм захуигъэзащ, кьызэгъэпэщакІуэхэм фІыщІэ яхуищІащ икІи кьыхальхьа Іуэхугъуэхэм Кавказ Ищхьэрэм и щІынальэхэм я зыужьныгъэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэрадзэр кьыхигъэщащ.

- КьыгъащІэт кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщыу хэзрычэтыщІэ Іэнатіэ щІыкІумрэ курытымрэ я зыужьныкІэм унэтІныныгъэщІэхэр хэлъхьэным. Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ щІынальэм абы и лъэныкъуэкІэ Іэмалышхуэхэр щыІэщ. Ахэр щыдгъэбелджылащ УФ-м Экономикэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэм и Іэщ1агъэлІэкІэ хэту мазае кІуам едгъэкІуэкІа зэ1уІэм, - кьигъэльэгъащ Микрофинансымкіэ и рынокым хэтхэм я ассоциацэм (НАУМИР) и президент **Мамутэ Михаил**. - Кавказ Ищхьэрэм и щІынальэхэм я социально-экономикэ зыужьныныгъэр нэрылъагъуу щІэзыгъэхуэбжьэну я Іуэхур сыт и лъэныкъуэкІи дэтІыгъынущ, зэкІэлІпІэ псоми зыубгъуэуз къэдгъэсэбэпынущ.

Къэзэпльар кьытеувыІащ зи Іэнатіэ къыдэзыхьжхэр тегъэгугъуэным хуэгъэзащ микрофинансированэм игъэзащІэ къаІэнэхэр зыхуэдэм, нобэрей федеральнэ хабзэхэр я Іэлажьэу абыхэр кредит кооперацэхэмрэ я инфраструктурэхэм зегъэужьыным хуэунэтІауэ я мурадхэм, щІыналъэ, къэрал программэхэр щащІэкъуэзыркІэ хьэрычэтыщІэхэм я сэбэп зыхэлъхэр кьызэрагъэтэнум.

Кьыкъэлэпкъыгъэ экономикэ зыужьныныгъэмрэ затумкІэ министр Мусуков Алий кьызэ1уихащ, мурад ящІащ лъэпкъ щхьэусыгъуэншэкІ, мы зэманым агъэзащІэ хьэрычэт Іуэху мыинымрэ курытымрэ зегъэужьыным, дэІэгъыным теухуа программэ хэхар. Абы зэрыщІыбзыхуам тету, банк кредитхэмрэ лизинг зэгурыІуэныгъэхэмрэ я ятІонэрэ щІыкІумрэ щхьэщытыкІ ахъшэмэ, гъэпэгъуэныгъэхэм щыхэтхэм дежь бэджэнду кьащІа псэуалъэхэм хуэзэм, фІагъым и дунейпсо мардэхэм я сертификатхэр кьызэрыІахьи, я Іэмэпсымэхэр электросетхэм зэрыпащІэм пэкІуэм щыщ Іыхьэхэр хуапшыныж, щэсапІэ фондхэр кьызэрагъэпэщащ, бизнес-инкубаторхэр хьарзынэу мэлажьэ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым хьэрычэт Іэнатіэ щІыкІуэм зыщІедгъэжьыш щхьэкІэ, илъэс хъэс оно мелард 30 - 35-рэ дыхуейщ, ауэ экспертхэм кьызэрабжамкІэ, кредит кьыІахьну тхылъ зытхэм ящыщу нобэр кьызідэсым ар кьызэхъулІар абыхэм я проценти 7 - 8-рэ, - кьигъэльэгъуащ министрым. - ІуэхутхьабзэкІэмрэ затумрэ хэт щхьэзакъуэрыпалажьэхэр, мэкъумэш-фермер хозяйствэхэр, хьэрычэт Іэнатіэ щІыкІуэхэр, зи Іуэху кьыдзэкъыкыну хуейкІэр финанс дэІэпыкъуныгъэ хуабжьу хуэныкъуэщ. Банкхэм кьагъэувкІэр гъэзэщІэным гугъуэхь куэд зэрыпылъым кьыхэкІыу, микрофинанс организацэхэм я мылъкур нэхъ жьыджэру кьызэрегъэтІэлІэным, фейдэ пылъу кьызэрыдгъэсэбэлъым дыхущІокъу.

Мусуков Алий кьызэрыхигъэщамкІэ, муниципальнэ фондыр 13-м, кредит кооперативыр 30-м нобэ ди республикэм хъарзынэу зыщІащ. Абыхэм я хэхъуэжэ бюджетхэмрэ нэгъуэщІ Іэнатіэхэмрэ я хьэкІкІэ кьызэрагъэпэщ икІи мы зэманым сом мелуан 300-м нэблагъэ ябгъэдэлъщ. Илъэс и пэкІэ Налшык кьыщыз1ыуахащ Урысейм микрофинансымкІэ и Іуэхущапіэм и Кавказ Ищхьэрэ кьудамэм и хэщІапІэ. НэгъуэщІ щІыпІэхэм мыкІуэу, абы ди Іэщ1агъэпэщІэр щрагъадж.

- Микрофинанс организацэхэр цыхухэмрэ банкхэмрэ зэрыдзэлажьэр егъэфІэкІуэным, республикэм и щэсапІэ фондым и зэфІэкІым хэгъэхъуэным гулъытэ хэха хуэтщІынущ. Абыкіэ дыубзыхуахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІэхэм кьыддаІыгъ, - кьыхигъащІ министрым.

Кьыхалъхьа Іуэхугъуэр Кавказ Ищхьэрэм и щІынапІэхэм з1уІуу щІыпхыгъэкІыным хуэунэтІауэ лъжьыпхъэу кьалъытэхэр зэхьыхьэм щІыз1эпкърахащ УФ-м Финансэмкіэ и министерствэм финанс политикэмкіэ и департаментым и кьудамэм и унафэщІым и кьуэдзэ **Осипов Павел** , «ВТБ Банк 24» ЗАО-м и вице-президент **Карасаловэ Надеждэ** «Урысейм и щІэгъэкъуэн» Урысейпсо жылагъуэ организацэм и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и Іэтащхьэ, Урысейм Микрофинансымкіэ и центрым и щІынапІэ хэщІапІэм и тхьэмадэ **Къэлъшыкъуэ Альберт**, «Опора-Кредит» медиа-холдингым и унафэщІ **Кузнецов Андрей** сымэ, нэгъуэщІхэми. Кавказ Ищхьэрэ республикэхэм щыщ 1эщІагъэлІэжьым кьэпсэльахэм ущІэ куэдкІэ зыхуагъэзащ, мы гъэм зыщыгугъ хъуну дэІэпыкъуныгъэхэр зыкъуэдэмрэ ахэр кьаз1эрыгъэрыхьэну щІыкІэмрэ зрагъэщІащ.

Зэ1ущІэм и кІэуцІэ Іыхьэм конференцым кьрикІуэхэр щызэхахьхьэжащ.

ЩЭРЭДЖ Диса.

● Бахьсэн куэй

Спортсменхэм я ехъулІэныгъэ

АДЫГЕЙ. *Краснодар крайм пашэныгъэр кьыщыхьыныжкІэ рафтингымкІэ «Бгылъэ псы - 2010» зэхьэзэхуэ з1уІуа Кьалэжьи станицэм щекІуэкІащ. Зэпсеуэм и сыт хуэдэ л1эужьыгъэмэ Адыгейм и щІыхьэу щІыхуэб команд1эхэм яп1э увыпІэр кьыщІэхащ.*

РЕСПУБЛИКЭМ рафтингымкІэ и федерацэм и президент Петухов Владимир зэрыжиІамкІэ, апхуэдэу мы гъэм спортсменхэр зэхьэзэхуэну 4-м хэтыныр. Абыхэм ящыщу тІур, Адыгеймрэ ИпщэФедеральнэ щІынальэмрэ я чемпионатхэр, мэлыжьхьыхьым и 30 - накІыгъэм и 5-хэм екІуэкІынущ.

Украинэм кьилъытэну мэгугъэ

АБХЪАЗ. **Республикэм и президент БэгъэлІу Сергей Абхъазэр зи щхьэ хущытыкІ къэралыгъэ уу Украинэм кьыз1эрилытэнур и фІэщ мэхуу.**

АБы кьыз1эрихуэгъэщамкІэ, Абхъазым сыт щыгъуи диІыгъащ президенту хуэ Янукович Виктор и политикэр.

У ЭЖДОКЪУЭ Женя.

● Фестиваль

Спортыр наркотикхэм я бийщ

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ, УФ-м Наркотикхэм кІэлъыплъыныжьмкІэ и федеральнэ кьулыкъуэм и Іуэхущапіэу КЪБР-м щыІэм, УФ-м Бгы-дыжэ спортымрэ спеуобордымкІэ и федерацэм кьыхальхьэрэ, гъатхэпэм и 28-м кьыщыщІэдзауэ мэлыжьхьыхьым и 1-м щІэуІуа Чегет щекІуэкІащ «Іуащхьэмахуэ льапэ-2010» зыфІаща XI фестивалыр. Мыгъэрей зохьыхэр тегъэщІауэ щытащ Хэку заущхьэр зэрыгъэр илъэс 65-рэ зэрыриІум.

ИЛЪЭСИБЛ хьэуэу фестивалым и генеральнэ спонсорщ кьэралым и банк нэхъ инхэм ящыщ «ТрансКредитБанк»-р. Мы гъэм япэу фестивалым мылъкукІэ зыщІигъэкъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэ фирмэхэм ящыщ «Минеральные воды Эльбрус» ОАО-м.

«Іуащхьэмахуэ льапэ-2010»-м хэтащ Мэскуу, Санкт-Петербург, Екатеринбург, Тагил Ищхьэрэ, Тюмень, Австриеи кьикІа бард уэрэджьІалкІуэ щІэрыІуэхэу Ковалев Вячеслав, Григорьев Сергей, Башаков Михаил, Шадрин Владислав, Обухов Дмитрий, Калинкин Михаил, Михлоков Валерий сымэ, нэгъуэщІхэри. Фестивалым кьыщызэІуахым ирихьэлІэу аудио дискыщІэ кьыдэкІащ, иужьрей илъэсхэм бгыхэмэ бгы-лыжьэ спортымрэ ятеухуауэ яуса уэрэд кьыхьыкІэр щызэхъуэхъэсащ.

Фестивалым хиубыдэу турист хьэщІэщхэм я пэшышъуэхэм щекІуэкІащ сабийхэм, ныбжьыщІэхэм уэрэд жьІэныжьмкІэ, кьэфэныжьмкІэ я зэпсеуэ.

«Спортыр наркотикхэм я бийщ» кьыхуеджэжьыгъэр щІэу екІуэкІа фестивалым кьрикІуэхэр кьыщыщІэтэжащ «Балкария» хьэщІэщым. Абы теуха пресс-конференцым хэтащ УФ-м Наркотикхэм кІэлъыплъныжьмкІэ и федеральнэ кьулыкъуэм и щыІэм и унафэщІым и кьуэдзэ, полицэм и майор Соловьев Николай, «Гегетия» бгылъжь творческэ клубым и президент Хальчевский Владимир, фестивалым и генеральнэ, гъэзэщІакІуэ директорхэу Городейский Владимирэ Калинкин Михаилрэ, «ТрансКредит Факторинг» банкым и генеральнэ директор Соляков Вадим, уэрэджьІалкІуэхэу Шадрин Владиславрэ Ковалев Вячеславрэ.

- Илъэс кьэкІэ нэхъыбэ мэхъу фестивалым кьэкІуалІэ щІыхухэм я бжьыгъэр. Мыгъэрей зэпеуэхэр кьызэгъэпэщ зэрыхъэм ихьуІэ дегъэгушхуэ, - жиІащ Городейский Владимир. - Фестивалым кьыдэкІуэу, ГушыІэм и махуэ мэлыжьхьыхьым и 1-м едгъэкІуэкІащ нэгугъыжь пшыхь-карнавал, «Мисс Призьёрыгъуэ-2010» щІыхубзхэм я зэпеуэ, нэгъуэщІхэри. «Іуащхьэмахуэ льапэ-2010»-р тегъэщІащ Хэку заущхьэр зэрыгъэр илъэс 65-рэ зэрыриІум. А махуэ льапІэмкІэ сехьэхьэну сыхуейщ текІуэныгъэр кьытхуэзыхьыжа дитхэнэ зымы. ТекІуэныгъэм и махуэр зэрыдгъэлъапІэр ди кьэралым и щІыхьхэр иджыри зэхъуэзыгъэт Іуэхугъуэ мащІэхэм ящыщ щыщ. А махуэм и фэепІыр зэи дгъэкІуэд хъунукъым.

- 2003 гъэм кьыщыщІэдзауэ мы Іуэхугъуэ кьызэгъэпэщынмкІэ, егъэкІуэкІыныжьмкІэ дэжьыгъэхэм дыхэтхэ. «Спортыр наркотикхэм я бийщ» фестивалым и кьалэн нэхъыщхьэу щытщ щІыхубзр а щхьэхъ Іейм пІэлъІэ щІыныр, спортым нэхъ дегъэхьэхьныр. Ар кьыдэхъуІэн щхьэкІэ, сыт и лъэныкъуэкІи защІдгъэкъуэн хуейщ а Іуэху щхьэпэр кьезыхьэжьахэм, - захуигъэзащ кьызэхуэсахэм Соловьевым.

Зэ1ущІэм кьыпхьэсла Соляков Вадим кьыхигъэщащ илъэс зыбжанэ хъуэу «Транскредит Факторинг» банкыр фестивалым и спонсору зэрыщытыр зэригуапэр. «Уи гур хэмыхъуэу кьэнэрхьэм илъэс кьэкІуэкІ 1эпеуэм зэрызиужьыр щыпльагъкІэ, Дунейпсо фестивалым щІэгъэкъуэным теухуа псальэмакъэр зэи кьэтІэтакъым», - жиІащ Соляковым.

«Іуащхьэмахуэ льапэ-2010» фестивалым хэтахэм я концертышхуэ мэлыжьхьыхьым и 15-м Мэскуу щекІуэкІынущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и

ЗэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэ

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и яп1э кьуэдзэ Жаным Руслан нэхъыжьу щысу я хабзэгъуэ органым и Президиумым и зи чэзу зэІуІэ екІуэкІащ.

ЯПЭ ЩІЫКІЭ яубыхуащ депутатхэр щы-зэхуашэсыну зэманыр. Ар мэлыжьхьыхьым и 22-м траухуащ. А зэІуІэм Іуэхугъуэ 20-м нэблагъэм щытепсэльыхьыну я мурадщ. Къэбгъэльагъуэмэ, ятІонэрэ щІыхьэпльэнущ «Жармыкіэм и Іэжьыгъэр щыхьэ-гъэпэщынымкІэ и Іуэхуэкі», «КЪБР-м кинематографием зыщегъэжьыным и Іуэхуэкі» республикэ законхэм, нэгъуэщІхэми.

Иужьк1э депутатхэм щІадзащ щы1ззэхуэса Іуэхуэхэм тепсэльыхьыным.

«Правовой актхэм егъэщІылІаУэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и хабзэ щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэным и Іуэхуэкі» КЪБР-м и законым и проектым кы-зэхуэсахэр щигъэгъуэзащ Законодательствэмрэ къэрал хуэунэгъэмкІэ комитетым и унафэщІ **Іэпщ Эаур**. Пыухыкіауэ жьипЭ-мэ, а проектым кышыгъэльэгъуащ «Официальнэ печать органхэр» псальэхэр «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и нормативправовой актхэр кьытрадзэным хэкІыпІэ хуэхъуэхэр» псальэхэмкІэ зэхъуэкІыныр. Апхуэдэ зэхъуэкІыныгъэр кьегъэув кьытрадзэ хьыбархэм я кьежьапІэ хьуэхэм зэрызиубгъуэм.

Президиумым хэтхэр тепсэлыхьащ «Инвестицэ налог кредитым и Іуэхуэкі» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 4-нэ, 5-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэным и Іуэхуэкі» КЪБР-м и законым и проектым. Ар зэгъэщІылІа комитетым и унафэщІ **Марьяна Ирина**хьэзэрыгуригъэІуэмкІэ, проектыр зэхалъхьащ абы теуха урысей законодательствэм зэхъуэкІыныгъэхэр зэрегъэтам кьыкъэкІыу.

Аграрнэ политикэмрэ щы зэхъущытыкІэхэмкІэ комитетым и унафэщІ **ЛІыхьугу Хьэжмурид** кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щы кодексым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуэкі» КЪБР-м и законым и проектыр, А хабзэр ягъэхьэзыращ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и фейдэ зыхэлъхэр ихьумэфын хуэдэу, КЪБР-м и Правительствэм Іуэхуэхэр зэригъэхьэзырыну щыкІэр яубзыхун мурадкІэ. Апхуэдэу ар хуэгъэзащ мы Іуэхум жылагъэр тлагъэпсэлъхьыным.

Депутатхэм зэпыгъахащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щрагъэкІуэкІ щІэныгъэ, щІэныгъэ-техникэ лэжьыгъэ и Іэнатіэм щызекІуэ зэхущытыкІэхэр гъэтэмэмыным и Іуэхуэкі» КЪБР-м и законым и проектыр. Ар зыхуэунэтІар кьагуригъэІуащ Іуэхуэр зэгъэзыщІыжа комитетым унафэщІ **Дадэ МуІед.** Мы проектым еубзыху КЪБР-м и кьэрал властым и органхэм щІэныгъэ Іэнатіэм щызэфІагъэкІын хуей Іуэхуэхэр.

Ищхьэкі эз гугъу тщІа проект псори Парламентым кьыщыхальхьэнущ, абыхэм комитетхэми Іуэхуэм зи сэбэп хэль Іуэхущапіэ псоми кууэ щытепсэльыхьа нужь.

Апхуэдэу Президиумым хэтхэр тепсэлыхьащ Урысей Федерацэм и адрей щынапІэхэм ящыщ я Іэжьэгъуэхэм кьыхальхьа хабзэгъэуэ жэрдэмэхэм. Абыхэм даІыгъащ «Урысей Федерацэм инновацэ Іэжьыгъэр зэрыщагъэкІуэкІым и Іуэхуэкі» Федеральнэ законыр къэщтэныр щІагъэзсынущІэн мурадкІэ, Астрахэм областым и Къэрал Думэм Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и УнафэщІ Грыз лов Борис зэрызыхуигъэзар. Кьыз1эхуэсахэм кьыхагъэбелджылыкІащ тэмэму эзтрауха инновацэ политикэм къэралым и экономикэр лъыщу зэрызрихьуэкІыфынур.

Зэ1ущІэм нэгъуэщІ Іуэхуэхэми щыхэпльащ.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ,
КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ.



● Май куей

ХадэхэкІым йолэжь

Илъэс зыбжанэ хъуащ «Красная нива» мэкъумэш предприятэмрэ «Агро+» ООО-мрэ я хадэхэкІхэр зэгъэуцэу зэрызэдалажьэрэ.

ИЛЪЭС кІуам мы хозяйствэхэм хадэхэкІ зэмылІэужьыгъуэ куэд гектар 700-м кьыщагъэкІащ. Псом ящхьэраци, апхуэдэ Іуэху зехьэкІэм и фІыгъэкІэ, цІыху 225-м лэжьапІэ яІащ.

Дызытехьа 2010 гъэм мы Іуэхущапіэм зэкъуэтэхэм хадэхэкІыу ящІэнущ гектар 800. Мы зэманым щІыр ягъэщабэ, щІыгъэпшэрхэмкІэ ягъэнщІ. Я1пэ гъатхэ лэжьыгъэхэм кьадэкІуэу, хозяйствэхэм болгар шыбжий, бэдрэжан пасэхэр щыхасэну хуабэщхэр ягъэув. Апхуэдэу еужьэрэкІыу кьэращаІэ абыхэм щІакІутэну щІыр.

Мы илъэсым кьагъэсэбэпыну щІым щыщу гектар 30-м мыгувэу нащэ щыхасэнущ. «Агро+»-м и закъуэ нобэ игъэлажьэхэм Май районым щыщу иджыри цІыхуи 120-рэ яхьигъэхъуэну и мурадщ.

ЛЪОСТЭН Муэ.

● ФщІэн папщІэ

ПщІэ зыхуэтщІ щІэджыкІакІуэхэ!

2010 гъэм мэлыжьхьыхьым и 1-м кьыщыщІэдзауэ «Урысейм и пощт» ФГУП-м КЪБР-м щиІэ кьудамэм и Іуэхущапіэ псомкІэ Іэ щыгъэдзэ 2010 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм кьрагъэхьыну газетхэмрэ журналхэмрэ.

Фы фыдзэхьхьэх газетхэмрэ журналхэмрэ пощтым и Іуэхущапіэ псомкІэ Іэ щытебдзэ хьунущ. А Іуэхущапіэхэр щэсапІэ йоувэ Іэ зытебдзэхэр и чэзум кьыфІэрагъэхьнымкІэ.

Іэ фыдзэхьхьэ щІыкІэм нэхъ кууэу щыгъуазэ фыщыхуащІынущ пощтым и Іуэхущапіэхэм я лэжьакІуэхэм я деж.

Іэ тедзэнфы фымыгъэувэ!

«Урысейм и пощт» ФГУП-м КЪБР-м щиІэ къудамэ.

● Сыт ящІэн, заумысыж

ЩІыхьеІм хэкІуэдахэр ягу къагъэкІыж

Италием и Акведэ къалэр бльыпхъэ зэщым жеиІым - ильэс и пэ щыІа щІыхьеІм хэкІуэда щІыхь 308-м я фенлъу щэху гъэщІэгъуэн, члисэм я уэздыкІэхэр 308-рэ яІэзэгъуэщ. А Іуэхугъэм хуэтащ щІыхь щиІа 6-м щІигъу.

Рихтер и пщалъмкІэ балли 6 зи льэщагъэ Іыхьэ кьыщыхуа щІыхьеІм хуэдэ гуауэншхэ Италием илъэсыбгъэкІыным ЕтІуанэ дунейпсо зауэр зэририхэр.

ПсэупІэншэу къэнахэм папщІэ блэкІа илъэсым кьриубыдэу хьэблэщІэхэр

Псалъэ мащIакIэ гупсысанхэ къазыIуатэ

Адыгэ новеллистикэм и зэхэубакIуэ

Мэлыжьыхьэ мазэм и 7-м илъэс 70 ирокъу адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ Мэзыхьэ Борис къыздэкIуэ.

Критикхэм, тхакIуэхэм, цIэдзкIакIэхэм Мэзыхьэ Борис нэхъыбэу къызэрадыхьэр ар адыгэ новеллистикэм и зэхэубакIуэу зэрыщытымкIэщ. ТхакIуэ куэдым къехъулIэрк1ым псалъэ мащIэкIэ гупсысэшхуэ къэIуэтэныр. Мэзыхьэр а жанр мытыншым дзгъуэу зэрыпэлъэщыр пасуэ наIуэ къыщыхъуащ газетхэмрэ журналхэмрэ къытехуа и ялэ новеллэхэм. АбыхэмкIэщ зэман кIэщIым къриубыдау ар тхакIуэ цIэрыIуэу зэрыхъуар. А тхэкIэ лIэужьыгъуэмкIэ Мэзыхьэ Борис лъэщIыхьа къахэкIагъэнкъым нобэрей ди тхакIуэхэм.

Апхуэдэу зи дамыгъэ зиIэжу адыгэ литературэм къыхьхьа Мэзыхьэ Борис Бесльэн и къуэр 1940 гъэм мэлыжьыхьэ мазэм и 7-м Щхьэлыкъуэ къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр а къуажэм къыщиухащ. МэкъумэшыщIэ унагъуэм къихьуIа щIалэр школ нэужьым колхозым щылажьащ. ИтIанэщ ар щыщIэтIысхьар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. А илъэсым щIэныгъэ хэхъыщхъэ къыщIэзыха Мэзыхьэ Борис къулыкъу IэнатIэ зыбжанэ зэблихъуащ: ар щылэжьащ печатым и щэхухэр щахъумэу КъБАССР-м щыIа Iэхэуцн1эм, «Адыгэ псалъэ» газетым (корреспондент, къудамэм и унафэщIу, жэуап зыхь секретару, редактор нэхъыщхьэу), КПСС-м и обкомым печатымкIэ, телевиденэмкIэ радиомкIэ къудамэм и унафэщIуи щытащ. Мэзыхьэр тIэунэйрэ хахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и депутату. Ар КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIщ.

Художественнэ творчествэми жылагъуэ лэжьыгъэхэми ехъулIэныгъэфI щызиIэ Мэзыхьэ Борис хуэфащэ гупылъ тэ игъуэту и кьалэнхэр егъэзащIэ. Ар Урысей Федерацэм щэнхабэмкIэ щыIэх зиIэ и лэжьакIуэщ, абы къыфIащащ Адыгэ Республикэмрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ щыIэх зиIэ я журналист цIэ лъапIэри. Мэзыхьэм къыхуагъэфэщащ Урысейм и Журналистхэм я союзым и саугьэтхэри, Щыхь, Щыгъуэ тхылъ зыбжани.

«Гъэзуп псалъэ», «Вагъуэззшибл», «ПцIащхъуэ хужь», «Мазэхэ жэщ», «Бжьыхьэр пщIащщ пылъэлъыжьыгъуэщ», «Къуажэ пшыхьхэр», нэгъуэщI тхылъхэмкIи дызыгъуфIа Мэзыхьэ Борис и ныбжьыр илъэс блыщI ирикъуами, творческэ зэфIэкIыншхуэ иIэу ноби ехъулIэныгъэкIэ тхуолажьэри, ди гуапэу дохъуэхъу дяпэкIи нахьыбжькIэ дигъэгуфIэу куэдрэ тхуэпсэуну.

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,
«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нахьыщхьэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ялэ вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

Згъэунэхуауэ сощIэ

Си мызакъуэу, псори арауэ къыщIэкIынщ. Щыхъуи езыр нэхъыбэ нэхъыщIэр щIалэ дыдэу къыщохъу. И теплъэкIи, и гукъыдэжкIи, и узыншагъэкIи Мэзыхьэ Борис и Iуэхур жьыгъэм нэхъыбэ щIалэгъуалэм нэхъ и гъунэгъущи, нрефIакIуэ.

СЭ БОРИС зэрыстудента лъандэрэ соцIыхури, фIы мыхьэмэ, Iей лъэпкъ дэсЪэгъэкIыкIи. Псом ялъэ дгъ тIур гьунэгъу дызэхуэзыщIар лэжьыгъэрщ. Зы пэш дыщIэсу, ди лэжьапIэ сIолыр зэбгъуриту, зы Iуэху зэдэтщIэу, ди дзыхь зэдгъэзу илъэс зыбгъупщI зэдетхьэкIащ. Зэгъэр и жагъэ щысщIащ, сыщеишъдан къыхэхуагъэнщ, ауэ си нэхъыжьыгъэм и нэмысыр абы сыт щыгъуи нIыгъащ.

Сэ редакцэм сикIыжу радиокомитетым сыкIуэжа нэужь, щэнхабзэмкIэ къудамэм и унафэщIу си пIэкIэ Борис лэжьащ. Куэд дэмыкIыжу аргуэру драгъэкIуэтейри, жэуап зыхь секретару ягъэуващ. Абы и ужькIэ редакцэм щIашри, партым и обкомым ящащ. А лэжьыгъэр хъарзынэу илъэс зыбжанэкIэ щрихьэкIа нэужь, здинкIа редакцэм кIыгъэзэжащ газетым и редактор нэхъыщхьэу. А лэжьыгъэ гугъур Мэзыхьэм илъэс 15-кIэ ирихьэкIащ. Абы нэхъ р1эхьэкIэ я Iэнатl1эм бгъэдэта нэхъ щIалэуи сIэрыкъым.

Мы зэманым Борис мэлажьэ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу, Урысей Федерацэм и Журналистхэм я союзым и секретарщ. Къраным и журналист союзыщхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэу хьыхьэ Мэзыхьэм абы щIэпхъуэ къызэрыщыхуащIым и щIыхьэтщI езым и делегацIым и нэхъыщхьэу ар Бангладеш къарал пхыдзам зэриГэкIуар, и саугьэтыр кьриту лауреат цIэ лъапIэр щыIэзэрыфIащар.

Мэзыхьэм «Адыгэ псалъэ»-м щилэжьащ ущIыщытхъи Iуэху щхьэпэ куэд. Ауэ ар республикэм къызэрадцIыхур журналист къудеиуэкъым. Борис ящыщщ къэбзэрей литературэм хэтъхьэныгъэфI хуэзыщIа ди тхакIуэ нэхъ пажэхэм. АдыгэбзэкIи, урысыбзэкIи кьыдэкIауэ ди пащхьэ кьриутьхьащ тхьилъ куэд икIи аХэр щыIыкъым гуныс щIохъу. Ар гъащIэм нэ жанкIэ зэпытэф, пэжыр къэзыIыгъуф икIи гум нэсу зытхъыжьыф тхакIуэхэм я нэхъ уэрыпIэм кьыкъэхуIащ.

Сэ къыдэхъугъэ Борис цIыху насыпыфIэу. И щхьэкIи, и гъащIэм и лэжьапIэкIи, и тхыгъэкIи и Iуэху щызэхуэхъуIэ, дунейр сыт хуэдизкIэ гугъуами, тэмэму щыгетыфкIэ, щыхэпсэукIыфркIэ, арарикъэ насыпыфIэ жыхуаIэр. Насыпыр Iыхьэ мыгугъщ, ари кьуэзритщ, жаIэ. Ауэ абы зы хабзэ яхэмыиIыгъу гуэр, Iэмыр хуэ ухыгъэ хэпIмэ, Борис и насыпым и кьеЖьыпIэр и анэм хуиIэ лъагъэныгъэ мыухыжырщ. Зи анэ зужьгъуэжа щыIэу къыщIэкIынкъым, Алыхьым къиужьгъуа зырызыхэхэ мыхьэмэ, ауэ Борис хуэдэу ар егъэлеяуэ зыльъгъуфри зырызщ. Аэр ауэ сытми жысIэ пасъэ тегъэлакъым, атIэ ди щыIэздэлэжьа гьандэрэ абы дэсЪагъэ пэжщ. Аэр фIыуэ пIыгъэнри насыпщ.

Идажьри зыгъэр жысIэнэущи, мы къыхилуа гуэрыр сыт, жыфIэу фыкъыслухэмыслухьдамэ, арат. АтIэ Борис сэрэ ди зэныбжьгъугъэ-зэпыщIэныгъэм теухуауэ нэхъапIэуэкIэ езым итхьижа гуэрыр кьыхигъэщащ. Мухьэмэд сэрэ дыздэщIэхущ- жери. ЩыIэщ апхуэдэ гуэр, ауэ щэхэр зейр сэрэкъым - езыращ. Куэд щIауэ зэрыхьэн хуэащи, щIэбзэщIыжьыни щыIэжкъым.

Борис илъэсипщIкIэ сэ нэхърэ зэрынэхъыщIэри щыгъупщэжырти, лъагъэныгъэ хъыбар кьыщыхъунщIи щыIэт. Абы щыгъуэ щIалэ фызкъэмышэти, емыкIуи сщIырэткъым.

Сытми, махуэ гуэрым, Борис лэжьапIэм къэкIуауэ кьалэмыр игъэкIэрахъуэ фIэкIа, тхэн Iуэху зэримыхуэу щыст. Хущхьэрт, щатэрт, щхьэгъубжэм дэпIыкIрт, ЗыфIэзэмыгъэIуэхуэрэ сыкущIэпIыри, пэжьыгъэм зэтемыIи и щхьэм зэриIыр и нэгум исльэгъащ. Зыгъуэр кьыхэжимыIэфу и Iупэри щIэжьажьэрт.

КьыхэрыщIэкIымкIэ, фыз кьэшэн Iэхум хэзэрыкъуэу, тэмэдж гуэр зрихьэлIэн хуейт. Кьишэн кьиIыхьэу аратэкъым - зыхэдэн иIэт.

Сэ нобэми сыщогуфыкI си чэнджэщ гуэрри хэпIу кьэхъуа унагъуэщIэр насыпыфIэ дыдэу къыздэкIыжащ. Щыгъуэ хъарзынщым я адэ, ятэ кьуэрыпIъхуэм игъэгуфIа адэшхуэр зэрынасыпыфIэр езыми ещIэж.

Згъэунэхуауэ сощIэ: илъэс 70-м лIым и чыщIыжьхэр фIэкIыу аркъудейщ. Псори дяпэкIэщ. Идрикъ лIыпIэ ущиувар. Тхьэм пхущIигъэхъэ, Борис.

КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд,
Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ.

Ар зэрыпэжым шэч къытесхьэркъым

Мэзыхьэ Борис сэрэ дызыкъуажэгъу къудейкъым - унагъуэ зытхух нэхъ дызэпэмыжьыжьэ, зэрыкIуэ, ди цIынэкIи ди гъуркIи дызэрыщIэу дыкъыздэхъуащ. Сэ ялэ ситу дыздэдежьри, школри нэхъ пасэу къэзыхуащ. ФIыуэ сыщыгъуазэщ ар щIалэфI цIыкIуу, жыIэдаIуэу зэрыщытам, егъэджакIуэхэр зэгуэзыгъэпI, зыгъэшхыдэрей сабий къуэфIейхэм зэращымыщам. Зыгъэса нэхъыжьыфIхэм ядэплъейуэ, ахэр имыгъэукIытэу еджащ. Школыр хъарзынэу къыхуагъэ зэрыщытари сощIэ.

МэкIуэмэшыщIэ, лэжьакIуэжь унагъуэм къихъукIа щIалэщIар, курыт щIэныгъэ зригъэгъуэта нэужь, занщIэу еджапIэ нэхъыщхьэ щIэтIысхьэну пылъакъым - быным я нэхъыжьти, къэзылъхуахэм защIигъэкъуэну колхозым щылэжьащ. Апхуэдэу зыщIэфынчр зэхэщIыкIэ зиIэу, щхьэхуещIу щымыту къэхъуа цIыхуращ. Борис зэрыапхуэдэ щIалэр кьигъэлъагъуэу хьэблэм дэсащ - гьунэгъуэхэри, къэзылъхуахэри, кьыдалъхуахэри къыхуэзарэзыуэ.

МЫ ЖысIэхэм щыхьэт сыиззрытехьэуфынум и щапхъэу, абы лъандэрэ илъэс щэ ныкъуэм нэс дэкIа пэтми, мыр сигу кьокIыж.

Абдежхэм Борис ди университетым щIэтIысхьагъащIэт. Псыпэр зэрыжэм псыкIри ирохэ жаIэ. Зыгъэр зытIыну мурад зыщI щхьэпэ щхьащагъэ быдэ, насып ин, гукъыдэж дахэ яIэу му дунеижьым гу щахуэху Тхьэм игъэпсэу, я уафэр кьащхьэрэ я щIыльэр щхъуантIэу.

Епсэльар
КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидц.

Мэзыхьэ Борис

● Ди зэпсэльэныгъэхэр

ГъащIэр цIыхуфIхэмкIэ къысхуоупсэ

Мэзыхьэ Борис адрей ди тхакIуэхэм я къащхьэщокI зытетхыкI IуэхугъуэхэмкIэ, и тхыгъэхэм хэтхэм зэрызэужьыкIэ, абыхэм я дуней еплъыкIэмкIэ. Абы и тхыгъэхэм хэт цIыхухэр нэхуэхщ, фIы зылъэкъэщ, мурадыфI зиIэхщ. КIэщIу жысIэнщи, тхылъымкIэ фIым къыхуреджэ. Мэзыхьэ Борис жьыжь плъэ тхакIуэщ. Абы ди гъащIэм хэлъ щыщIэныгъэхэу илъагъуэхэр утыку кьрихьэуэрэ «тефыщIыхьу» щыткъым.

Мэзыхьэ Борис и тхыгъэхэм узыIэпашэ, абыхэм яхэль гуапагъэм, ахэр уэ къочэнджэщу зэрыщытым щхьэкIэ.

ХЬЭХЪУПащIэ Хьэжбэчыр.
2000 гъэ.

Къуэлыфэ Хьэчим, Мэзыхьэ Борис, Хьэфiыцiэ Мухьэмэд. *1967 гъэ.*

Адыгэ тхакIуэхэм я зэлушI: Хьэх Сэфарбий, Къагъырмэс Борис, Мэзыхьэ Борис, Ацкъан Руслан, Iутlыж Борис. *2005 гъэ.*


Журналистхэм я Дунейпсо к онгрессым. *Тырку Республикэм, Анталие кьалэм. 2009 гъэ.*


Италие, пасэрей кьалэ Помпейм. *2004 гъэ.*

Гудзакъэ зиIэ

Сыщыстудента лъандэрэ сцIыху, пIалъэ кIыхькIэ сызыдэлажьа, иджыри Iуэхуфl1э сызыпышIа Мэзыхьэ Борис теухуауэ сэ, зэрыгурыуэгъэуащ, куэд схужыIэнущ, ауэ мы си тхыгъэ кIэщIым кьыщыгъэлъэгъэну сызыхуейр кьулыкъу зыбжанэ пылъэм, ахэр зыгъэпытэхьэну зи зэрыхущIэмыкъуар.

ИДжЫПСТУ хуэдэу сощIэж ар «Ленин гъэрэгу» (ди газетым нэхьапэм апхуэдэ цIэ зэрихьащ) щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI зэрыхьуар. ТхакIуэ цIэрыIуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд Къэбэрей-Балъкъэр радиом и редактор нэхъыщхьэу яшати, абы и пIэм иувэну зыхуэфащэр арауэ ядкIыштащ. Журналистым я зэныбжьэгъуэ, секретарь Джаурджий Iбисал Полиграфкомбинатым и редактор зыщагъакIуэм, абы и къулыкъур Мэзыхьэм нэхъ ирагъэзагъэ. Зэман дэкIри, КПСС-м и обкомым печатымкIэ, телевиденэмкIэ, радиомкIэ и къудамэм и унафэщIу Борис ягъэуващ. Мис апхуэдэ гъэзэгу кьикIуащ Мэзыхьэм, ди газетым и редактор нэхъыщхьэ хъуху. И Iуэху кьикIауэ жьыпIэ хьунщ, пэжкъэ? Ауэ мы зыр зышыщдвмыгъэгъэгъэущэт: гу кьыпIьатэу удрагъэкIуеин папщIэ, дауи, уи пащхьэ кьрагъэувэ кьалэнэр зэрыпхуэгъэззащIыур ф1эжьIпIэ имыIэу кьэбгъэльэгъэуэн зэрыхуейр. КьыпхуащIа дзыхьыр умыгъэпэжмэ, уэзрэIэтам нэхьрэ нэхь псынщIэжу а зэманым укърадахьыжьыкынут. Куэдыр щыгъуаззу кьыщIэкIынущ кьыхуагъэфэща Iэнатl1э псоми Мэзыхьэм Iуэхум куууэ хэзышIыкI, ар зыкъэтIыф іэжьакIуэу зыкьызэрыщIгъэльэгъуар. Ар дэ ди нэгу щIэкIащ.

Мыри кьыхьхэгъэщыну сыхуейт: дэ ди ныбжькIитхэм, нэхъыжьхэм фIыуэ дощIэж, мыдэкIэ дкьыбзмыIэбэми, блэкIа лIэщIыгъуэм и иужь илъэс 15-р зэрыщытар. Горбачев Михаилрэ Ельцин Борисрэ кIэ ямыIэжу кьыхалъхэ зэхъуэжьыныгъэхэм цIыхуэхэм я щхьэр зрагъэунэзат. Къэралым и щIыналъэ псоми, абыхэм ди республикэри яхэту, щытыкIэр щызэщIэпльат. Мис апхуэдэ зэманым дылэжьащ икIи, мыс Iэнуращи, ди унафэщI Мэзыхьэ Борис и куэдкIэ и фIыгъэкIэ ди пщIэр тIыгъыу абы дыкьикIыфащ.

Щызэгъужьыфынущ ар гудзакъэ зиIэ редактор нэхъыщхьэуэ зэрыщытар. Мыкьэнэзнэщ зэрыкIупIубыдынутэкъым, абы папщIэ утыку укърилъхьэнутэкъым. Хэбгъэзэхьмэ, кьысхуэщIэжьыкрым абы зыгъэзрыщ, и жагъуэ ищIауэ, фIыщIэ «къэзылэжьыну» хуейхэм яльагъу псори Iурадзэжу, Iурызыдзэжьыр хэтми фIыуэ дыщыщIэуэзу щыта пэтми. Мэзыхьэ Борис ар кьигъэсЪэбэпу и щхьэр игъэльэхьшэфынутэкъым.

ШАЛ Мухьэмэд,
КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.

Жыжьэ маплъэ

Илъэс тIощIрэ ящIым щIигъуащ сэ ныбжьыгъу зэрысхуэхьэр Мэзыхьэ Борис. А илъэсхэм сэ фIыуэ кьэсIыхьащ ар и хьэл-щэнкIэ, и дуней тепльэкIэкIэм.

МЭЗЫХЬЭ Борис адрей ди тхакIуэхэм я къащхьэщокI зытетхыкI IуэхугъуэхэмкIэ, и тхыгъэхэм хэтхэм зэрызэужьыкIэ, абыхэм я къащхьэщокI зытетхыкI IуэхугъуэхэмкIэ, и тхыгъэхэм хэтхэм зэрызэужьыкIэ, абыхэм я дуней еплъыкIэмкIэ. Абы и тхыгъэхэм хэт цIыхухэр нэхуэхщ, фIы зылъэкъэщ, мурадыфI зиIэхщ. КIэщIу жысIэнщи, тхылъымкIэ фIым къыхуреджэ. Мэзыхьэ Борис жьыжь плъэ тхакIуэщ. Абы ди гъащIэм хэлъ щыщIэныгъэхэу илъагъуэхэр утыку кьрихьэуэрэ «тефыщIыхьу» щыткъым.

Мэзыхьэ Борис и тхыгъэхэм узыIэпашэ, абыхэм яхэль гуапагъэм, ахэр уэ къочэнджэщу зэрыщытым щхьэкIэ.

ХЬЭХЪУПащIэ Хьэжбэчыр.
2000 гъэ.

ТхакIуэ, журналист цIэрIуэ Мэзыхьэ Борис 70

Псынэпс щIэщыгъуэ

Зэман уэшхэуэмэ куэд ельытащ. Ди литературэм зырызыхъэщ хэтыр тхэным (художественнэ тхыгъэ къэгъэщыным) фIэкIа нэгъуэщI Iуэху зэримыхуэу, абы ирипсоуэ. Мэзыхьэ Борис и гугъу пщIымэ, ар пасэу дихьэхат журналист Iэщlагъэм. Мяхуэ къэс ныдэжьым хуэят газетым махуэ къэс къаIэну гъэтIылъ сатыр бжыгъэм зэрыз ептын хуейуэ улажьэу, абы зыкъыщэбгъаХуэурэ уэсэ, рассказ, повесть, роман птхын жыхуэпIэр Сыбыр кIатIэжинэм хуэдэщ. Абы пэлъэщын куэд хъурыкъым, Мэзыхьэр пэлъэщащ - ерыщагъкIэ, псэ къарикIэ, таланткIэ. Адыгэ журналистмкэм абы щхьэуэзыкъ хуищащ и щIалэгъуэр. Iуэху зехьэкIэм, цыхуэхэр зэщIэгъэуIуэным, абыхэм я лэжьыгъэр кьиззэгъэпэщыным, унафэ яхуэщIыным, гупышхуэм я творческэ гукъыдэжьыр убзыхуным зэрыхуэIэижьрн кьыщигъэльэгъуа и Iэнатlэм.

АБы ПЫЩIА псоми жыджэру, емышу зэрыхэтым кьыдэкIуэу, Мэзыхьэм хуэзэфIэкIащ литературэри Iэщlыкъ и мыщIын. Ар дзэзэкъэна, журналистикэм, жылагъуэ лэжьыгъэм сыт хуэдиз зэманрэ кьарурэ фIахьами, кьехъулIащ литературэм щиIэ зэфIэкIым Iыхьэщу жигъэхъуэн, и талантым зригъэуэзэщIын, езым и тхэкIэрэ и Iуэхугъуэ кьэIуэтэжIэрэ зэрилэжьар наIуэ дыдэ кьыщIэ.

«Iуэгупэ псалъэ» - арат Борис и яп дыдэ тхылъым зэреджэр. Тхылъым и цIэр абы ит рассказхэм ящыщ зым и псалъащхьэм кьытекIащ. Ауэ апхуэдэу щыфIищам куэдым уригъэгупсысыр. Балигъ хьуауэ гъашIэм щыхьхьэкIэ кьыхих гъэурщ цIыхум дунеей тетыкIэу иIэнуэ зыхуэдэр бгьэн къэзыщIыр.

«Гъуэгупэ псалъэ» тхылъ цIыкIур кьыщIэкIащ тхакIуэ щIалэр литературэшхуэм хэзыщэ гъуэгум и кьежьапIэу. Абы наIуэ кьыщIащ хуэкъесственнэ прозэм и лIэужьыгъуэхэм щыщу Мэзыхьэм нэхъ зэфIэкI кьыщIэпльэгъуэнур. Ар рассказ кIэщIыгъэ, новеллэ жьхуэлэжьырщ.

Мыбдежьым щыигъуэ дыдэщ мыпхуэдэ Iуэхухэм гу лыпытну, ди гугъэщI абы нэхъ белджылы кьыщIыну ди литературэм и хэхъэкIэм хэль хабзэ щхьэхуэхэри, Мэзыхьэм и творческэм хэфIыпIэ хуэхьуэ кьигъэхьуапIэ гъэрхэри.

Жанрхэм заужьынлыр и нэщэнэщ лъэпкъ литературэр лIыпIэ зэриувам. Къэбзарей проэзм нэхъ зэпэщ хьуауэ, нэхъ зиужькIэбзауэ хэтлъагъэр рассказ жанрыщ.

ЕгъэлеиныгъэрI лъэпкъ хэлъыну си гугъэкIыр: новеллэ жанрыр япэу нэхъ Iэщlагъэ зыхуэхьуар, абы и дахагъэмрэ и фIагъымрэ нэхъ Iупщl тщыгъыщIар Мэзыхьэ Борисщ. Абы и тхыгъэхэрэ ди проэзм и жанрыр зэрерфIакIыу э нэхъ наIуэу кьызыхэщыр. Мэзыхьэм новеллэм и хабзэр ди литературэм кьригъэIэтэщ а тхэкIэ дахэ дыдэм и щапхъэ нэхъыфIэ зэм тету: тхыгъэ кIэщIу, хьыбар кьэгъэкIэр зэщIэкъуауэ, узыIэпишэрэ укимыIтыпщIу, зы Iуэхум зы Iуэхур жьы дэхупIэ имыIэу тыIуэзу, лIыхьхьжьхэм я гумрэ я псэмрэ щыщIэр зы кьалэм IэтыгъуэкIэ унигъэльагъуфу, уи гум кьрIишэлIэфу, мы тхыгъэ тIэкIум мыпхуэдиз дауэ иригъэзагъ, жьIпIу бгъэщIагъуэу Iуэхугъуэ куэд кьигъэбатэу, зыкIи узыIэмыплIауэ хьыбарыр иухыну. Мэзыхьэм повесть зыбжанэ кьыдигъэкIами, рассказ кIэщIэрщ абы и кьалэмым и зэфIэкIыр здынэсыр къэзыгъэнахуэр.

Щхьэхуэу тепсэльыхьыпхьэт тхакIуэм и бзэм. Борис адыгэбзэм хуеджащ, филологие щIэныгъэ иIэщ. Ауэ абы и тхылъхэм я бзэр есым IурылIэ кьалэм кьэжьащ, и анэм, и кьуажэгъухэм я бзэрщ. Дауи, щеджэм, газетым щыщылажьэм Тхьэм кьырта бзэм нэхъри зиужащ. Итаин, гу лыумытэнкIэ Iэмал иIэжьым: ар тхылъ уеджэкIэ е лекцэ уедалуэкIэ кьэбгъэшэрыуэфын бзэкьым.

Борис и бзэр дахэщ, лантIэщ, псынэпс Iубгъуэу щIэщыгъуэщ, ущыIэжкIэщIэплъу кьабзэщ, мащIэрэ IэфIу зэгъэзэхуащ, жанщ, кьуэIэнтцIэлэн зэмыфIагъуэ и псалъэхэр. ИгъащIэкIэ Щхьэлыкъуэ удэмыхьами, Мэзыхьэм и тхылъхэмкIэ кьэпщIэнущ абы и кьуажэгъуэр зэрыкъжьнахуэр, псалъэ хуэIэзэхуэр, Iуэрыйуэдэхэрэ гушыIэрейхуэ зэрыщIытыр, адрей кьуажэхэм зэрахэмыгъэщIэнур. Удекьэх тхыгъэ зыбжанэм публицистикэ гъпыпфэ зэрадIэдзмэи. Ар поэзиещIыкIэ зиIэ публицистикэщ.

ЦIыхугъэм и пшыналъэ лъэщ зэрIэзыщIэ поэзиер, арыншэмэ, пэжыжьэкъым Мэзыхьэм и новеллэхэм. Рассказ гупышхуэхэм, уеблэмэ тхыль псохэм (псалъэм папщIэ, «Вагъуэзэшиблым») усэм хуэдэу укъоджэ, псорИ зы тхыгъэ щIыгъуэм и Iыхьэ щхьэхуэ хуэдэу, ауэ Iыхьэ кьэс есым и кьыщIэдзапIэрэ и учхипIэрэ иIэжу, псори зы Iэпэм кьыхэзрыщIэкIар наIуэ дыдэу кьатешу, зы гупсысэ лъапIэкIэ, зы кьэупскIэ зэпыщIахэу, псори зы гум кьишхьыдыIыу. Прозэу тха усэу кьыпщIыхьуэхэри кьахэкI новеллэхэмэ. АПхуэдэщ «Сэ ныбжьэгъу сиIэщ» новеллэм и вариант «Вагъуэзэшиблым» итар. Поэмэ дыдэм хуэдэщ «Бжьыхьэ удфэхъуэпскI», «Щlихуэнтlе, «Вагъуэзэшибл» тхыгъэхэр. Усэ псэльэкIэхэр, жьIэгъуэ дахэхэр, зэгъэпщэныгъэ хьэлэмэтэхэр, псалъэ шэрыуэхэр уда цIыпэм хэщэщ налкъуту проэз напэкIуэщIхэм кьыхопщIыпщIыкI.

ЛIыжьк-фызыжьхэрэ щIалэгъуалэрэщ Мэзыхьэ Борис и тхыгъэхэм нэхъыбэу хэтхэр. Ар зэрымыщIэу апхуэдэу хьуауэ уегупсысыныр щIыуагъэ хъунт. ЩIалэгъуалэр - гурыIуэгъуэщ, езы тхакIуэм тхэн щыщIидзам зэрерфIакIыр нэхъ наIуэу кьызыхэщыр. Мэзыхьэм новеллэм и хабзэр ди литературэм кьригъэтIэсащ а тхэкIэ дахэ дыдэм и щапхъэ нэхъыфIэм тету: тхыгъэ кIэщIу, хьыбар кьэгъэкIэр зэщIэкъуауэ, узыIэпишэрэ укимыIтыпщIу, зы Iуэхум зы Iуэхур жьы дэхупIэ имыIэу тыIуэзу, лIыхьхьжьхэм я гумрэ я псэмрэ щыщIэр зы кьалэм IэтыгъуэкIэ унигъэльагъуфу, уи гум кьрIишэлIэфу, мы тхыгъэ тIэкIум мыпхуэдиз дауэ иригъэзагъ, жьIпIу бгъэщIагъуэу Iуэхугъуэ куэд кьигъэбатэу, зыкIи узыIэмыплIауэ хьыбарыр иухыну. Мэзыхьэм повесть зыбжанэ кьыдигъэкIами, рассказ кIэщIэрщ абы и кьалэмым и зэфIэкIыр здынэсыр къэзыгъэнахуэр.

ЦIыхэуэ тепсэльыхьыпхьэт тхакIуэм и бзэм. Борис адыгэбзэм хуеджащ, филологие щIэныгъэ иIэщ. Ауэ абы и тхылъхэм я бзэр есым IурылIэ кьалэм кьэжьащ, и анэм, и кьуажэгъуэхэм я бзэрщ. Дауи, щеджэм, газетым щыщылажьэм Тхьэм кьырта бзэм нэхъри зиужащ. Итаин, гу лыумытэнкIэ Iэмал иIэжьым: ар тхылъ уеджэкIэ е лекцэ уедалуэкIэ кьэбгъэшэрыуэфын бзэкьым.

Борис и бзэр дахэщ, лантIэщ, псынэпс IэфIу зэгъэзэхуащ, жанщ, кьуэIэнтцIэлэн зэмыфIагъуэ и щытахэм щыуагъэ яIэщIэщIыгъуэщ, щыщIэкIэ Щхьэлыкъуэ удэмыхьами, Мэзыхьэм и тхылъхэмкIэ кьэпщIэнущ абы и кьуажэгъуэхэр зэрыкъжьнахуэр, псалъэ хуэIэзэхуэр, Iуэрыйуэдэхэрэ гушыIэрейхуэ зэрыщIытыр, адрей кьуажэхэм зэрахэмыгъэщIэнур. Удекьэх тхыгъэ зыбжанэм публицистикэ гъпыпфэ зэрадIэдзмэи. Ар поэзиещIыкIэ зиIэ публицистикэщ.

ЦIыхугъэм и пшыналъэ лъэщ зэрIэзыщIэ поэзиер, арыншэмэ, пэжыжьэкъым Мэзыхьэм и новеллэхэм. Рассказ гупышхуэхэм, уеблэмэ тхыль псохэм (псалъэм папщIэ, «Вагъуэзэшиблым») усэм хуэдэу укъоджэ, псорИ зы тхыгъэ щIыгъуэм и Iыхьэ щхьэхуэ хуэдэу, ауэ Iыхьэ кьэс есым и кьыщIэдзапIэрэ и учхипIэрэ иIэжу, псори зы Iэпэм кьыхэзрыщIэкIар наIуэ дыдэу кьатешу, зы гупсысэ лъапIэкIэ, зы кьэупскIэ зэпыщIахэу, псори зы гум кьишхьыдыIыу. Прозэу тха усэу кьыпщIыхьуэхэри кьахэкI новеллэхэмэ. АПхуэдэщ «Сэ ныбжьэгъу сиIэщ» новеллэм и вариант «Вагъуэзэшиблым» итар. Поэмэ дыдэм хуэдэщ «Бжьыхьэ удфэхъуэпскI», «Щlихуэнтlе, «Вагъуэзэшибл» тхыгъэхэр. Усэ псэльэкIэхэр, жьIэгъуэ дахэхэр, зэгъэпщэныгъэ хьэлэмэтэхэр, псалъэ шэрыуэхэр уда цIыпэм хэщэщ налкъуту проэз напэкIуэщIхэм кьыхопщIыпщIыкI.

ЛIыжьк-фызыжьхэрэ щIалэгъуалэрэщ Мэзыхьэ Борис и тхыгъэхэм нэхъыбэу хэтхэр. Ар зэрымыщIэу апхуэдэу хьуауэ уегупсысыныр щIыуагъэ хъунт. ЩIалэгъуалэр - гурыIуэгъуэщ, езы тхакIуэм тхэн щыщIидзам зэрерфIакIыр нэхъ наIуэу кьызыхэщыр. Мэзыхьэм новеллэм и хабзэр ди литературэм кьригъэтIэсащ а тхэкIэ дахэ дыдэм и щапхъэ нэхъыфIэм тету: тхыгъэ кIэщIу, хьыбар кьэгъэкIэр зэщIэкъуауэ, узыIэпишэрэ укимыIтыпщIу, зы Iуэхум зы Iуэхур жьы дэхупIэ имыIэу тыIуэзу, лIыхьхьжьхэм я гумрэ я псэмрэ щыщIэр зы кьалэм IэтыгъуэкIэ унигъэльагъуфу, уи гум кьрIишэлIэфу, мы тхыгъэ тIэкIум мыпхуэдиз дауэ иригъэзагъ, жьIпIу бгъэщIагъуэу Iуэхугъуэ куэд кьигъэбатэу, зыкIи узыIэмыплIауэ хьыбарыр иухыну. Мэзыхьэм повесть зыбжанэ кьыдигъэкIами, рассказ кIэщIэрщ абы и кьалэмым и зэфIэкIыр здынэсыр къэзыгъэнахуэр.

60 - 70 гъэхэм ди литературэм, публицистикэм, къэралым щеКIуэкI пропагандэм нэгъуэщI зы зыгъэзэапIи игъуэтат, гульытэ лей хуащIырт Хэку зауэшхуэм и тематикэм. Ар зауэм и дерсхэр щIэрыщIэу щIапщIытыкIыжьырт.

Ар тыншу хольагъуэкI Мэзыхьэм и новеллэхэу, повестхэу а лъэхъэнэм дунеем кьытехьаэхэм, псом хуэмыдэу зи гупсысэкIэкIи, зи хьэлщIэн зэпIэзэрыпхIи адрейхэм кьахэщI цIыхуэхэм - зауэм и ветеранхэм я образ гукьинэжьхэр кьэзыгъэщIэхэм.

А лIы ткIийкэр, зауэм ипсыхьаэхэр, мамыр гъащIэми хэтщ гъущIынэм хуэдэу кьызэрIэмыщIу, кьэзыгъэдзыхэрэ кьэзыгъэуэнджкрэ щымыIэу. «Сэлэт дамэтельхэр рассказым зэрыщытлъагъуМкIэ, абыхэми я хамэкьым цIыху псомя я гум щыщIэ хабзэхэр, ахэр зыгъэзгбжьыхэр, е зыгъэгумащIэхэр.

Иджы и мызакъуэу, нэхьапэми щыIащ блэкIа псори ящыгъупщэжьпатэмэ нэхъ кьэзыщIэхэр, дгъэлъапIэу, лъагэу тIэту дамэтельэкIа псоми зэхьэужькIынырэ гуэрхэр ягъуэтамэ, зи мыжаГъуэхэр. Абыхэм ягуохьэ зауэм щыгъуэ зэкъм епщIыжаХэм, фашистхэм якъуэпсымыIытэ, кьуэншаХэм тезыр яхьауэ щIыщIиткIэ, абыхэм яшIар щIепхъуэнынт щымыIэжу жызыIэхэр. Апхуэдэущ Iуэхум зэрегупсысыр «Сын» новеллэр зытеухуа Хьэжьди. 1942 гъэм Хьэжьдэ и адрей фашистхэм я Iупэфlэгъу хьуауэ щытат.

Новеллэм и сюжетым мыпIащIэурэ зеужь. ИтIаин, яп затырхэм хьыщыщIэдзауэ зыхьбощIэ Хьэжьдэ кьритхьэжьа Iуэхум и щIагъым лагъым гуэр зэрыщIэлъыр. Апхуэдэуи кьыщIокI. ЦIыхуэхэм я гуфкьеуэм и лагъымыр кьхэм кьыщоуэ. ЦIыху хьэлэлхэм хухатIаУэ кьхъэбгъуэм Iут сын татырхэм деж кумбыр кьыщатIами, кьыззэхуэсахэм ядакьым зэхуэ напэр зыщIыщIадам и сыныр абыхэм хагъэувэн.

ЦIыхум и гъащIэ псо, уеблэмэ гъащIэ кьэкъуфлев кьыщIыззэщIкьуауэ «Хам» новеллэм. Мэзыхьэм иIэщ хэкур пфIэкIуэдыныр зищIысыр кьэгъэльэгъуэщIыр кьалэн зыщищI тхыгъэ зыбжанэ. Ауэ апхуэдэу куууэ ар кьыщIэзыгъэкIа абыхэм хэту си фIэщ хъуркъым. Философие щIалъэкIэ кьепщIэтэ мыбы «Хэку» мэхьуаIэжьр зищIысыр, афоризмэ мыхьэнэ зиIэ псалъэхэмкIэ кьеГъэнаХуэ.

Зауэм и щIэину кьытхуэнахэм, абы и гуауэ мыгъущыжьым теухуауэ «Бжьыхьэр щIащIэ пьлъэлъыжьгъэщI пьлъэлъ». Новеллэм ди хуэдэу, мыбыи нэхъыщхьэу хэлъыр Iуэхугъуэ щекIэкIэхэркьым, абыхэм узрагъэгупсысырщ. И кьуэ зауэм хэкIуэдам и кьыщIэкъым Iуплъэну гъуэгу техьа лIыжьыр Iэдкъэм яхуоэз, Iэдкъэм Iуоуэ. Ауэ дэнэкIэ кIуэми, ар ирохьэлIэ цIыхуфIэхэм, кьыдэIэпыкъуну кьхъэзрэхэм. ЛIыжьыр философ дыдэщи, апщIондэхукIэ Iэдкъэм йогупсыс, Iэджи гукIэ, акъылкIэ зэрегъэзахуэр, зэпельыт, цIыхур кьыщIилъэщIым, ар зэрыпсэуэн, зэрылъэжьэн кьуейм ехьэлIауэ. Мы повестIр щытщ ди гъащIэр, ди псоуэкIэр, ди зэхэтыкIэр - лъэпкъэхэр псори зэгъуфIуэу, кьуэш зэрыщIагъуэ, щыхуэхэр фIыуэ зэрыльагъуэу, яшхьнрэ ящIэнрэ ягъуэту, нэхьыжьым пщIэ хуащIу, хэкум папщIэ зи псэ Iыгъэхэм я фэеплъыр зыгъэльапIэу.

Дэтхэнэ зыми и хъуэпсапIэщ и вагъуэр кьыхуэльыдуэ уэгум исыну. ТхакIуэм и насып вагъуэр литературэм и льагапIэхэрщ. Мэзыхьэ Борис нэсащ а льагапIэм. Дяпэки Iхьэм хущIигъэхьэ.

ТхакIуэм и юбилейр - литературэ псом и махуэщхуэщ, лъэпкъ щэнхабзэм и гуфIэгъуэщ. Си ныбжьэгъум си щхьэкIэ сызэрыкъуэупсэм нэмыщI, сэ ныбэ Борис сохьэужьу ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правлензм кьыгьгъэдэкIыу: узышIагъэ, гуфIэгъуэ мыухыж, гъащIэкIынгъэ хэщэ ТхакIуэхэм я Iуэрыпэщ, адыгэлIи.

ДэкIа щыIэкъым абы льандэрэ. Псоми фощIэж 1993 - 1994 гъэхэр. Абы щыгъуэ Мэзыхьэ Борис «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу щытащ. Къэралри цIыхури зэщIэукъубеят, псори зэрыхьэзрийрэ зым жиIар адрейм зэхимыхьжу. АтIэ а илъэсхэм ехутылIауэ, тщыгъупщэжьпэ нэхьрэ нэхьыфIыщ, жысIэри «Адыгэ хабзэ» тхылъыр стхат: Аршхьэкъэ пыIуэзэфIэхьым хэтым ещхьу властыр зыгъэщхэм, абы щхьэкIэ зэпекъуэхэм уи хабзи уи бзыпхъи кьафIэIуэхужьнт? Щай фIыщIэжьу кьрадзэрэгъкъым.

Тхылъ щIатхыр зыгъэр кьеджэн жаIэри аращ. АрщхьэкIэ си Iэрытхыр си стIолым тельт, и фэр гъужь хъуным нэсауэ, зэманым ипхъэжьажауэ. Сытми, ciгу кьэкIащ: нэгъуэщI мыхьуми, мыбы щыщ пычыгъуэ гуэрхэр газетым тредзамэ, арат. СыкIуащ Борис дежь. ГурызгъэIуащ Iуэхур зыГуэтыр. Iэрытх пIащэ и пащхьэ ислъхьар, и хьэпъагъэр ишэчам ещхьу, къиIэтащ, нужькIэ зыIэщIиубыдэжри жиIащ: «Яп» напэкIуэщIым кьыщыщIэдзауэ и лъабжьэ напэкIуэщIым нэсыхункI зы хьэрф дэдмыгъэхуу тедзэнщ. Мыр адыгэхэр дызыхуей Iуэхущ».

ИкIи илъэс ныкъуэм щIигъукIэ тхыгъэр газетым къытехуащ. «Адыгэ хабзэ» тхылъыр иужькIэ щхьэхуэу кьыдэкIащ. Ауэ абы нэхьрэ нэхъ сыщогуфIыкI газетым тета пычыгъуэхэр зэхуахьэсурэ тхылъым ещхь ящIауэ, жинт тралъхьжауэ адыгэ унагъуэ сызэрыхьэхэм кьыщащIэу сагъэлъэгъуа иужькIэ. АбыкIэ фIыщIэр зыхуэфащэр Мэзыхьэ Борисщ.

МАФЭДЗ Сэрэбий,
тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, тхакIуэ. 2000 гъэ.

Уимытхьэкъун плъэкIыркъым

ХьщI гъэхэм я пэщIэдзэм ди литературэм кьыщIэтэджауэ щытащ тхакIуэ, усакIуэ щIалэ гупышхуэ. Ди тхыдэ ублагъэм щигъуазэ дэтхэнэми ещIэ а зэманым зыхуэдар: иджы зэрыжаIэ хабзэщи, дунейр уэфI хъууэ щыщIидза лъэхъэнэт ар, хуитыныгъэм ижь мащIэ кьыкъуэури, цIыхум ягу илъыр я жьэкIэ яIуатэ хъуауэ.

Литературэми щызыхэтщIэ хъуащ а жьы мащIэм и Iэфlыр, абы и бзэр хуит хъууэ щIидзащ. Апхуэдэ зэманым литературэм кьыщIэтэджа тхакIуэ, усакIуэ щIалэхэрщ, я ныбжь нэсри, лIыпIэ иуваУэ, нобэрей ди литературэм и жьантIэм щылажьэр, абы и фIыщIэр зи Iэдакъэ кьыщIэкIар.

СЭ ШЭЧ кьытесхьэркъым Мэзыхьэ Борис сапхуэдэ тхакIуэхэм зэращыщым. Илъэс 50 хъуауэ щолажьэ ар ди литературэм, илъэс тхущIым и кIуэцIкIэ абы и кьалэмыпэм кьыщIэкIащ адыгэ литературэм и тхыдэм зэи щымыкъыжьым тхыгъэ хьэлэмэт куэд - и рассказхэрауи, и новеллэхэрауи, и повесткэраи ирехъуи. Апхуэдабзэу шэч кьытесхьэркъым Мэзыхьэ Борис и Iэдакъэ кьыщIэкIа тхыгъэхэр, зыхэзгъэущэн зэрыщымыIэм.

Мэзыхьэм ди литературэм кьыхихьащ езым и темэрэ и псэльафэрэ - аращ кьалэмыр зыгьабзэ дэтхэнэм дежкIи нэхъыщхьэр. Зи кьалэмыр жан тхакIуэ набдзэгубдзапIъэм, зэрыхабзэщи, тхэн зэриубгъ льандэрэ кьыдогъуэгурыкIуэ иужькIэ зэи Iэщlыб имыщIыж темэрэ образрэ.

Мэзыхьэми иIэщ апхуэдэ темэрэ образрэ. Гу зэрылъытэгъуэфIэщи, дапщэрэ игъэбатэми, зыщимыгъэпэщIу, хуэмыухуу, Борис и тхыгъэхэм лъабжьэрэ купщIэрэ яхуищIыр цIыху цIыкIум и дунеймрэ и гурыгъу-гупыщIэхэмрэщ. Мэзыхьэм зи образ кьигъэщI а цIыху «цIыкIум» и псэм и дахагъкIэ, и цIыхугъэкIэ, и гупсысэкIэ уимытхьэкъун плъэкIыркъым - дауи, ар зыхуэзэфIэкIыр цIыхум и гущIэпсэм кьипсэлъыкIыф, абы и гум щыщIэмрэ и фэм дэкIымрэ дэзыгъэлъагъуф тхакIуэщ. Апхуэдэ тхакIуэщ Мэзыхьэ Борис - зэфIэкI инымрэ Iэзагъымрэ кьыдалъхуэуэ, Тхьэр абыкIэ кьыхуэупсауэ.

Илъэс 50-м и кIуэцIкIэ тхыгъэ мащIэ кьигъэщIакъым Мэзыхьэ Борис. Абыхэм еджа дэтхэнэми гу лъимытапIэр иЗакъым Мэзыхьэ Борис и гъуазэр гъащIэмрэ зэманымрэ я пэжыпIэр зэрыарам - ар Iэфlуи дыджуи щрети. ТхакIуэ мащIэм кьыщыщIакъым ар - щатха зэманыр блэкIамэ, я тхыгъэхэр псыхэлIуадэ хуэрэ бзэхьжауэ. Зэманым зыдрагъэкIэн щхьэкIэ, абы псалъэ дыгъэкIэ дежьууэ тхакIуэ Iэрпхъуэрпхэм яуцIырхъ тхыгъэ нэпцIэхэрщ ар кьыхьщыщIар. Мэзыхьэ Борис и IэдакъэпэгъэкIхэм яхэбгъуэтэнукъым апхуэдэр зи натIэ хъуа тхыгъэ. Ар зи фIыгъэр гурыIуэгъуэщ - Борис и тхыгъэхэм я лъабжьэр гъащIэмрэ зэманымрэ я пэжыпIэрщ. ТхакIуэм и насыпщ, а пэжыпIэм щичэзуэ деж гу лъитэрэ иIуэтэфамэ, абы темыплъэкъуькIамэ, нэхъ белджылыуэ жьIпIэмэ, трагъэпльэкъуькIын яхуэзэфIэмыкIамэ. Апхуэдэ насыпи зиIэ тхакIуэхэм ящыщщ Мэзыхьэ Борис, и зы тхыгъэ дэмыхуэхауэ, я гупсысэрэ я купщIэкIэ тIорысэ мыхъуауэ, цIыхум ягу кынарэ я дкъылыр дяпэкIи зэхэзехуэн зыщIыфын гуащIэкIэ псыхьауэ.

Си щхьэкIэ, сэ шэч кьытесхьэркъым Мэзыхьэ Борис иужьрей илъэс тощIрыщIым ди литературэм, псалъэм папщIэ, ди проозэм, и хъугъэфIыгъэхэр зи Iэдакъэ кьыщIэкIа тхакIуэ гуащIафIэхэм зэращыщым. Мэзыхьэм и цIэмрэ и гуащIэмрэ хэчэммэ, ди литературэм и тхыдэр нэхъ фагъуэ хъунт - ар щэчыншэщ. КъэралсаутъэкIэ зэщIэблакъым Мэзыхьэ Борис и тхыгъэхэр (ар кьызэрилэжьрэ куэд щIа пэтми). Абы нэхърэ нэхъ лъапIэщ Мэзыхьэм и тхыгъэхэм я натIэ хъуар - ахэр ди литературэм и жьантIэр яхуэфащIу зыльысса, абы и тхыдэр зыгъэбжьыфIэ тхыгъэщ, анэдэлъхубзэм и Iэфlыпlэр зыхьыуагъащIэрэ уи гур хагъахъуэу, жьлэм яхэIуарэ цIыхум гукъинэ ящыхъуауэ.

Мэзыхьэ Борис куэд зыхуэзэфIэкIа, нэхъыбэжкIэ дызыщыгуГъ, си кьалэмыр жан, зи псалъэм пщIэ иIэ тхакIуэ Iумахуэщ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

Шы Iэныгъэ зыхэлъ

Мэзыхьэ Борис илъэс тхущIым нэсауэ соцIыхуу. НужькIэ, лIыпIэ нуваУэ, редакцэм и лэжьакIуэ нэхъ пажэхэм, унафэщIхэм ящыщ цIыхъуаи, дэслъэгъуэ хьэл-щэн дахэу, щытыкIэфкэу, пщIэ хуэзыщыгъэщIаХэр абы щыгъуэ щIалэм кIэрыщIыгъэуэрт. Борис бгъэдэслъщ цIыхуэгъэщытыкIи, лэжьакIуэ хьэл-щэни, ныбжьэгъуэгъэ пэжагъи.

БОРИС къыдалъхуауэ и гъусэщ пщIэ щIыныр, щыIэныгъэр. Ар псом хуэмыдэу наIуэ къэхъуащ унафэщI къалэнхэр гъэзэщIэн щIидза нужь. ЩэнхабзэмкIэ къудамэм и тхьэмадзу щыщIэжьам кхъхъащ и гъусэхэм ящыщ зым и пщэ ирилъхьар и чэзум щымыгъэзэщIа, Iуэхур кьыззэпызыуд гуэрхэр щыдилъэгъуа. Ауэ Мэзыхьэр ищхьэкIэ щыIэ унафэщI нэхъыщщхьэхэм яхуэтхъэусыхакъым, абыхэм яригъэщIэхъакъым. Абы кьыззэпиуд пэта Iуэхугъуэр езым зэфIэнгъэкIащ. Модрейм гуэзрыдзэ имыщIу зэрепсэлъэн бзэ кьыхуигъэтащ. Уеблэмэ нэхъыжьу щыгтми, макъ зегъэIэт кьыхэмыкIыу, хуабжьу пкърыхьэ жьIэкIэкIэ зригъэщIыхуэкIыт - игъэхьIыт. Абы и ужькIэ гъэкъакIуэми дяпэкI апхуэдэ дагъуэ кьыхуащIыным зыщидзейрт.

Гаэтым и унафэщI щыхъуами, цIыхум пкърыхьэн бзэкIэ епсэльэныр, губжьыр зытемыгъэкIуэныр, щыIэныгъэр игъэнэхьанэныр гуаэзу иIащ. Езым и зыIыгъыкIмкIэ щIэщIыкIэ хуымыщIыну Iэмал иIэжьым.

И хьэл-щэн зэпIэзэрыгри, и гу кьабзагъэри, и псэ хьэпэлагъри псори кьрикIуаеу жьIпIэ хъунущ Борис зэрызиIыгъыфым, щыIэныгъэ зэрыхэтым, абыхэм губзыгъагъэр зэрагъуэсэм.

БЕКЪАН Чыланий,
«Адыгэ псалъэ» газетым и ветеран.

ФIыщIэр зыхуэфащэр

Мэзыхьэ Борис тхакIуэ Iэзэщ, журналист Iэкъуэльакъуэщ. Абы и щыхьэтщ Борис и кьалэмыпэм кьыщIэкIа дэтхэнэ зы повестри, новеллэ кIэщIхэри. «Вагъуэзэшибл», «Бжьыхьэр пщIащ пылъэлъыжьгъэщI» тхыгъэхэм емыджа адыгэ куэд щыIу кьыщIэкIынкъым.

МЫР СИГУ кьокIыж. Черкесск кьалэ Iуэхукъ сыкIуауэ си ныбжьэгъуэ гъэ сэрэ дытепсэлъыхьырт адыгэбзэкIэ кьыдэкIа тхылъхэм, адыгэ щэнхабзэм, адыгэ гъуэзджэм и зыужьынигъэхэм, адыгэ хабзэм. Псалъэм кьыдэкIуэу джсIат Борис «Вагъуэзэшибл» зыфIища и тхыгъэр дунейм кьызэрыгетхьар. Си ныбжьэгъум и нэхэр кьыцIыщхьукIащ: «Борис цIыху нафдзэгубдзапIъэщ, кьегъэжIуэкI куэд хэмыту и псалъэхэр купщIафIэщ. Абы и тхылъыщIэр дауэ кьысIэрыхьа хъуну?». Си ныбжьэгъур кьэзгъэгугъащ икIи «Вагъуэзэшиблыр» хуезгъэхьауэ щытащ.

Адыгэхэм зыгуэрым щытхъупс кьрагъэжьхьну фIыуэ ялъагъуркъым. Ауэ Мэзыхьэ Борис фIыщIи щытхъуи зыхуэфащэщ. Ар цIыху гуапэщ, адыгэлIщ.

ДэкIа щыIэкъым абы льандэрэ. Псоми фощIэж 1993 - 1994 гъэхэр. Абы щыгъуэ Мэзыхьэ Борис «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу щытащ. Къэралри цIыхури зэщIэукъубеят, псори зэрыхьэзрийрэ зым жиIар адрейм зэхимыхьжу. АтIэ а илъэсхэм ехутылIауэ, тщыгъупщэжьпэ нэхьрэ нэхьыфIыщ, жысIэри «Адыгэ хабзэ» тхылъыр стхат: Аршхьэкъэ пыIуэзэфIэхьым хэтым ещхьу властыр зыгъэщхэм, абы щхьэкIэ зэпекъуэхэм уи хабзи уи бзыпхъи кьафIэIуэхужьнт? Щай фIыщIэжьу кьрадзэрэгъкъым.

Тхылъ щIатхыр зыгъэр кьеджэн жаIэри аращ. АрщхьэкIэ си Iэрытхыр си стIолым тельт, и фэр гъужь хъуным нэсауэ, зэманым ипхъэжьажауэ. Сытми, ciгу кьэкIащ: нэгъуэщI мыхьуми, мыбы щыщ пычыгъуэ гуэрхэр газетым тредзамэ, арат. СыкIуащ Борис дежь. ГурызгъэIуащ Iуэхур зыГуэтыр. Iэрытх пIащэ и пащхьэ ислъхьар, и хьэпъагъэр ишэчам ещхьу, къиIэтащ, нужькIэ зыIэщIиубыдэжри жиIащ: «Яп» напэкIуэщIым кьыщIыщIэдзауэ и лъабжьэ напэкIуэщIым нэсыхункI зы хьэрф дэдмыгъэхуу тедзэнщ. Мыр адыгэхэр дызыхуей Iуэхущ».

ИкIи илъэс ныкъуэм щIигъукIэ тхыгъэр газетым къытехуащ. «Адыгэ хабзэ» тхылъыр иужькIэ щхьэхуэу кьыдэкIащ. Ауэ абы нэхьрэ нэхъ сыщогуфIыкI газетым тета пычыгъуэхэр зэхуахьэсурэ тхылъым ещхь ящIауэ, жинт тралъхьжауэ адыгэ унагъуэ сызэрыхьэхэм кьыщащIэу сагъэлъэгъуа иужькIэ. АбыкIэ фIыщIэр зыхуэфащэр Мэзыхьэ Борисщ.

МАФЭДЗ Сэрэбий,
тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, тхакIуэ. 2000 гъэ.

ЗэпIэзэрытщи, и насыпщ

БОРИСРЭ сэрэ дыстуденту 1961 гъэм дыззэрыцIыхуащ. Хьэл-щэн дахэ зыхэлъ щIалэ Iэдэбыр ныбжьэгъу схуэхъуащэрэт жумыIэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Утыку иIыдэрэтэкъым, и мыIуэхум пхухэIэбэнутэкъым, жиIэр мащIэт, щIэныгъэ хуэдиз зыгъэутыныр и хъуэпсапIэу, абы нэхьрэ нэхъ лъапIэрэ нэхъ дахэрэ щыIэу имыщIу, зи гур лъэпкъым кьыхуитхьащIыкIа адыгэ щIэблэм ящыщт, зыхэт гупым закъыигъэщынуи хэмыту, ауэ и Iуэху Iыхьэ илэжьыжу, еджэным, щIэныгъэм дихьэхауэ, литературэм пищIын зыри щымыIэхъэу.

«Вы хъунур шкIэ щIыкIэ кьыбощIэ» жеIэ адыгэ псалъэжьым. Нобэ Мэзыхьэ Борис тхакIуэ, журналист цIэрыIуэщ. Илъэс 50-м нэсауэ сроГушуэ ар зэрызиныбжьэгъуэм. Сыхуэзэну сфIэфщ, сепсэльылIэну си гуапэщ. IуэхукIэ хууей хьумэ, цIыхугъэкIэ хуэдэ кьуигъэлъыхьуэнщ, и адыгагъэр япэ иту мэпсэну, уеХьуапсэу зэпIэзэрытщ.

**ЖЫЛЭТЕЖ Сэлэдин,

Узыншагъэ

Нобэ Узыншагъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

Гулъытэ зыхуэщІыпхъэ

УЗЫНШАГЪЭР хъумэнымкІэ дунейпсо зэгухьэныгъэр 1948 гъэм къэнэхуащ. Мы зэманым абы хэтщ къэрали 190-м щІигъу.

1950 гъэм Узыншагъэм и махуэр ягъэлъапІэ а зэгухьэныгъэр къыщызэрагъэпэщам техуэу. Апхуэдэ махуэ щІыхахам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр я узыншагъэм гулъытэшхуэ хуащІын зэрыхуейр щІыхуэхэм ягурыгъэІуэныри, ар егъэфІэкІуэныкІэ зэфІэхыпхьэхэр уз6ыхуныри.

Узыншагъэм и дунейпсо махуэр щІыхуэхэр зыгъэгумэщІ Іуэхугъуэшхуэхэм трауху хабзэщ икІи кІыхуедэжныгъэ щхьэхуэхэм щІэту ІокІуэкІ. Апхуэдэхэщ, псальэм папщІэ, «Льы зытхэр сымаджэ кІудым ядо-Іэпыкьу», «Жыджэрагьыр гъащІэ кІыхьым и лъабжьэщ», «ЩІыуэнсым къыщхьэу зэхъуэкІыныгъэ мыщхьэпэхэм узыншагъэр щІыхьэмэн», нэгъуэщІхэри.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Анэм и хъуэпсапІэм ухуэзышэ Іуэгу

*Дэтхэнэ зы цІыхуми езым гъащІэм къыщемыхьулІар и щІэблэхэмкІэ нахуапІэ хъуныр и пльапІэщ. Нобэрей ди псэльэгъу ХьэхьупащІэ Сулеймэн и анэ Хьэлимэт зэрыщыкІуРэ и хъуэпсапІэт дохутыр Іэщ1агъэр, ауэ щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм кьыхэкІыу ар кьыщызэпуудым, и бынхэм и гугъэхэр нрипхьжат. Абыкі Іэ и насыт кьикІащ анэм. ХьэхьупащІэхэ Іэуесрэ Хьэлимэтрэ я унагъуэм бынЫл кьИхьуатн - щІалІтІрэ хьыджэбзитхурэ - щым дохутыр Іэщ1агъэр кьыхахащ. Сулеймэн Республикэ клиникэ сымаджэщым льынтхуэ хирургимкІэ и кьудамэм и унафэщІщ, и щыпхьу нэхьыщхь Сулимэ психоневрологщ, нэхьыщІэ Светланэ терапевтщ. Дэтхэнэмэн пщІэ иІэу и Іэнатіэр ирехьэкІ.**

ХЬЭКЪУПАЩІЭ Сулеймэн 1975 гъэм КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр диплом плЫыкькІэ кьиухри, Республикэ клиникэ сымаджэщым хирургиемкІэ и кьудамэм лэжьэн щыщІидзащ.

- А зэманыр гуапэу куэдрэ сигу кьокІыж, - жеІэ ди псэльэгъум. - Отделенэм и унафэщІ Шыд Къэрэщей зи Іэщ1агъэм фІыуэ хэзыщІыкІ хирург льэщт икІи цІыху зэкІэлъыкІуэт. Абы пщІэщ1х э кьыхуащырт и лэжьэгъуэмэ сымаджэхэмэ. Апхуэдэу а кьудамэм щыІэжьащ хирург Іэзэхэу Гащтэ Іэбдул, Пщыукі Сулътіан, Токьмакъ Мыхьэмэт сымэ. Дэтхэнэри лэжьыгъэм сыхэзгъуэзэнымкІэ дэІэпыкьуэгъу кьыслхуэхьащ, абыхэм си Іэщ1агъэм и щэху куэд кьыслхуэзІуахащ. Ильэс 15-кІэ экстреннэ хирургием сыщылэжьащ, уІэгъэ хьэлъэ эытель, уэрыфэ хэтІэса зиІэ сымаджэхэр операцэ сщІыуэ.

- 1991 гъэм уэ категорие нэхъыщхьэ зиІэ хирург уахьащ, ильэсиц дэкІри льынтхуэ хирургиемкІэ кьудамэм и унафэщІ уащІащ, ноби а Іэнатіэм упэрытщ. Отделенэм и лэжьыгъэм игъуэта зэхъуэкІыныгъэхэм щыгъуазэ дыпщІамэ арат.

- Апэм ди республикэм льынтхуэр операцэ зыщІ хирургэр ИлакьыН икІи апхуэдэ Іэщ1агъэлІхэм хуабжьу дыхъэныкьуэт. Зыщ1ыпІи пшэ мыхьуну сымаджэ хьэлъэхэр дыщиІэм и деж кьедгъэблагъэрт Москва дэт Езанэ медицинэ институтым и кьудамэм и унафэщІ Дибиров Магомед. Сэ льынтхуэм еІэзэ хирург сызэрыхьуар куэдкІэ зи фІыщІэр аращ икІи ар си егъэджакІуэу кьызолытэ, ИльэситІым нэблагъэкІэ сымаджэхэр абы куэдрэ поплъэ икІи а Іуэхум ахьшэшхуэ трагъэкІуадэ. Апхуэдэу эндохирургическэ операцэ зэхуэмыдэхэр ирагъэщІын хуеймэ, сымаджэхэр нэгъуэщІ кьалэхэм щыІэ клиникэхэм маклуэ. А операцэхэр ди отделенэмэ щытхуэщІынут, дызыхуеину Іэмэпсымэхэр диІамэ. Іэпкьлъэпкьым хэль льынтхуэ нэхъ цІыкІу дыдэхэмэ деІэзэу зедгъэсэнри си хьуэпсапІэщ.

Лэжьыгъэм пэльэщІ Іэщ1агъэлІхэмкІэ хьарзынэу дыкьыззэгъэпэщащ. Ди кьудамэм щолажь КъБКъУ-м госпитальэ хирургиемкІэ и кафедрэм и профессор Асльэн Ахьмэд, доценти 2, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидату 2, ординатор 5. Кьыддэлажьэ дэтхэнэ зы хирургри зи Іэщ1агъэм фІыуэ хэзыщІыкІщ, операцэ нэхъ гугъу дыдэмэ фІыуэ польэщ, а псом кьищынэмыщІауэ, республикэм и район сымаджэщхэм зэрыхьукІэ чэнджэщэгъуи дэІэпыкьуэгъуи яхуохьуф.

- Сэ сызэрыщыгуазэмкІэ, уи унагъуэр медицинэм быдау пыщІащ.

- Пэжщ. Си щхьэгъусэ Светланэ кьалэ клиникэ сымаджэщ №1-м нэм еІэзэ дохутыру щолажьэ. Ди щІалэ нэхъыжь Артур хирургщ, ильэситху хьуауэ си гъусэу мэлажьэ. Щ1алэ нэхъыщІэ Анзор дохутыр мыхьуами, и Іэщ1агъэкІэ медицинэм епхащ, ар психологщ. Абы и щхьэгъусэ Марьянэ Шэджэм район сымаджэщым дзэ дохутыру щолажьэ.

- Льэнтхуэм еІэзэ хирургыр бзыльхугъэ куэд зыгъэгумэщІ узыфэхэм тедмыгъэпсэльыхьу дыблэкІыфыфыкІ...

- Гурыіуэгъуэщ жьыпэну узыхуейр. Льакьуэхэм хэль льынтхуэхэм щызекІуэ льыр Іув хьуауэ, пцІауэ дызэрырихьэлІрщ зи гугъу пщІыр. Пэж дыдэу, Урысейм а узыфэм зыщІиубгъуащ. Ар ди кьэралым и цІыху мелуани 3-м япкьрытщ, абы щыщу процент 15-м ныкъуэдыкьуагъэ яІэщ. Кьызэрыхэбгъэщащи, цІыхубзхэм нэхъ яхуэльэщ а узыфэр. Нэхьыбэу абыхэм ар кьызыхахыр льхуэгъэрщ. Апхуэдэу а узыфэр яІэщ цІыху пшэрхэм, хьэлъэ кьезыхьэкІхэм, зи пэжыгъэкІэ кьэрэгъэтын е щысын хуей хьухэм, нэгъуэщІ щхьэусыгъуэхэри щыІэщ.

- Сулеймэн, а узыфэм зыщахьумэн папщІэ сыт хуэдэ чэнджэщхэр ептынт газетджэхэр?

- Псом япэ-ауэ, дэтхэнэри и хьэльагъым кІэлъыплъыжьыхьэщ; пщыхьэщхьэм зыщщівгъэпсэхуКІэ, фи лъакьуэхэр Іэтауэ щхьэнтэм тефлъхьэ; фи лъакьуэхэр зэм псы щІыІэм зэм хуабэм чэзуэурэ хэвгъэт; зывмыгъэхьэйуэ куэдрэ фыщымыс - фыкьэтэджи тІэкІу кьэфкІуэхь, фи лъакьуэхэм зевгъэукъуэдий; пльэсу нэхьыбэрэ кьызэрыфІуэхьыным фыхуущІэкъу; пльэльэ кьэвмыІэт; вакъэ тынш, и лъэдакъэр сантиметри 5 нэхъ льагэ мыхьуу, зефхьэ; псым есыныр, лъакьуэрыгъажэкІэ кьэжьхьыныр, кьэфэныр узынш-гъэмкІэ сэфэпышхуэщ. Куэдрэ фыщысын хуей хуэмэ, фи лъакьуэхэр зэтевмыдэз, зэрыхьукІэ зэрывгъэхъеиным иужь фит. Псальэм папщІэ, мыпхуэдэу пщІы хьунущ: фи лъэдакъэхэр щым кьытефІэтыкІи, медиани 3-кІэ апхуэдэу щывгъэт, итІанэ вгъэ уевыж. Апхуэдэу 15-20 хуэдизрэ пщІымэ, лъакьуэхэм загъэпсэхунущ.

Абыхэм кьищынэмыщІауэ, лъакьуэм зэреІэзэ хущхьэхэзэрн щыІэщ, ауэ ахэр Іэмэал имыІэу дохутырыбзэ пхуитхауэ щытын хуейщ. Хущхьэрн и закъуэкІи зэфІэкІыркъым, абы кьыдэкІуэу ди чэнджэщхэр ягъэзащІэмэщ сымаджэхэм дазэрелэзэм мыхьэнэ зэщІынуэр.

- Уисуу, Сулеймэн! Уи лэжьыгъэ гугъур ехьулІэныгъэхэр уиІэу епхьэкІынуи ди гуапэщ.

Епсэльар

ДУДАР ФатІимэщ.

●Театр гъуаздж

Гушыіэ махуэ апщий!

Хабзэ зэрыхъуащи, мэлыжьыхьым и 1-м Мэзыкъ театрым щрагъэжьІуэ УФ-м и цІыхубз артист ТІыхъужь Алий и цІэр зезыхь «Гушыі махуэ апщий!» фестивалыр. Мы гъм ар 18-нэу зэхъуэщ.

ФЕСТИВАЛЫМ хэтащ Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхьэрэ - Алание, Ингуш, Шэшэн республикэхэм я артистхэр. Абыхэм жаІащ зэхыхьэм я гуапэу зэрызыкъраГъэхьэлІар, ТІыхъужь Алий артист гъуэзджэу, и цІэр зэи мыкІуэдыжыну тхьідэм кьызэрыхэнар.

Я нэгу зрагъэужьыну гушыІэ пшыхьым къекІуэлІахэр епльащ Щоджэнщ1ыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым, Горькэм и цІэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым, Куличевым и цІэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым, Дымэн Мурэдин зи унафэщІ ГушыІэмрэ я театрым, Ингуш Республикэм и Урыс къэрал музыкэ-драмэ театрым, нэгъуэщІхэми я джэгуакІуэхэм зыкьыщагъэлъэгъуа гушыІэ, ауанышІ спектаклхэм щыщ пычыгъуэхэм.

ЗэІущІэр ягъэдхащ «Кабардинка», «Гэрэ кьэзакъэхэр» ансамблхэм, «Эльбрус-Экспресс» КВН джэгуакІуэ гупым, пародист Дзэгъащтэ Азэмэт, уэрэджыІакІуэхэу Царикаевхэ Феликс, Альбинэ, ФатІимэ сымэ, нэгъуэщІхэми.

Пшыхьыр щызэхуищІыжым КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и кьуэдзэ Карчаевэ Аминэ жаІащ:

- Артист гъуэзджэ ТІыхъужь Алий и фешлъу екІуэкІ зэхыхьэм щІыпІэ куэдым щыщ джэгуакІуэхэр зэхуеящх. Кьызэгъэщыпхъэщ фестивалыр ильэс къэс зэрефІакІуэри. Ныщхьэбэрей пшыхьыр ягъэдхащ ТІыхъужьым и гъэсэнхэм ящыщ куэдым. КъБР-м Щэнхабзэмкі э и министерствэм кьыбгъэдэкІыу фестивалым хэта псоми фІыщІэ фхузощІ, зэІущІэр гукъинэж зэрытщыфщІам папщІэ.

Апхуэдэ псальэ гуапэхэмкІэ захуигъэза нэужь, Карчаевэ Аминэ зэІущІэм хэта артистхэм яритащ КъБР-м Щэнхабзэмкі э и министерствэм кьыбгъэдэкІ ЩІыхь тхьілъхэмрэ саугъэт льапІэхэмрэ.

ТАБЫІЩ Динарэ.



Сурэтхэр **ТОЛГУРОВ Камал** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэрым

Иджыблагъэ екІуэкІа «Дохутыр нэхъыфІ» IX Урысейпсо зэпеуэм щытекІуащ КъБР-м и клинико-диагностикэ лабораторэм и унафэщІ Созаевэ Мариям. Бжьыпэр зыубыдахэр щагъэлъэпІэну пщыхьыр мыгувэу Москва щызэхэтынущ.

2009 ГЪЭМ и фокІадэ мазэм кьыхалъхьа «Дохутыр нэхъыфІ» Урысейпсо зэпеуэр Іыхьищу гуэщауэ екІуэкІащ. Ятіпрауэ, зэпеуэм хэтынухэр къагъэлъэгъуащ медицинэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэм. КъыкІэлъыкІуэу абыхэм я лэжьыгъэхэм хэпльащ Урысей Федерацэм и хэгъэгу зэныбжьыгъэ хъумэныкІэ щы-Іэ Іуэхущ1апІэхэм я ІыкІуэхэр хэту кьызэрагъэпэща къэпщытакІуэ гупыр. Иужьрейуэ дохутырхэм я зэфІэкІыр Москва кьызщипщытащ УФ-м узыншагъэр хъумэныпэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Голиковэ Татьянэ зи пашэ гупым.

Зэпеуэм и хабзэхэм зэрытымкІэ, дохутырхэм уэкІычы кьрахьэн хуейт узыфэр къэхутэным, сымаджэр гъэхъужыным теухуауэ щІэуэ кьыхалъхьа Іэзэкіэхэр, я лэжьыгъэр ефІэкІуэныкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр, апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэр дерей дохутыр хэм кьаэзэрыщыхьур.

Мариям зэрыжиІэмкІэ, зэпеуэм иригъэжьыну лэжьыгъэр щигъэжьэзырым, республикэм щыІэ лабораторэ псоми я Іуэху зытетыр абы кьыщэрыщигъэлъэгъуэным хущІэкъуащ.

- Дохутыр- псалъэм уз, шынагъуэ, гъащІэ, лІэныгъэ, дэІэпыкъунытІэ мыхьэнэхэр иІэу кьызолъытэ икІи дэтхэнэ дохутыри сымаджэм хуэгумэкІыу, Іуэхум тегушхуэу, цІыху зэкІэлъыкІуэу щытыпхъэщ, - жеІэ Мариям.

Созаевэ (Джаппуевэ) Мариям Къэзахъ ССР-м кьыщалъхуащ. КъБР-м и Бахъсэн аузым кьыщыхьуащ. Налшык дэт медицинэ училищэр кьнуха иужь, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и химико-биологие кьудамэм и щІэныгъэм щыпищащ. Зэреджэм хуэдэуэ, ар жьыгъэ узым щеІэзэ республикэ диспансерым медсестрауэ щылэжьащ. Университет нэужьым, Мариям ирагъэблэгъащ Республикэ клиникэ сымаджэщым икІи фІагъым кІэлъыплъ дохутыр-лаборанту кьыщІидзэри, лэжьыгъэ зхуэмыдэхэр ирихьэкІыуэрэ, клиникодиагностикэ лабораторэм и унафэщІ Іэнатіэр кьыхуагъэфэщащ. Апхуэдэуэ Созаевэр КъБР-м Жьиншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм лабораторэ Іуэхуэмкі э и Іэщ1агъэлІ-къэпщытакІуэ нэхъыщхьэщ. Псом хуэмыдэу абы гулъытэ хуещІ зи Іэщ1агъэм фІыуэ хэзыщІыкІ дохутырэхэр гъэ хьэщ1ыкІ кьнуха иужь, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и химико-биологие кьудамэм и щІэныгъэм щыпищащ. Зэред